ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№145 (23.053) • 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 29, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ФІагъыр къызэралытэ пщалъэ

● Урысейм и хьэпшып нэхъыфІу 100

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Бизнес-инкубаторым бадзэуэгъуэм и 23-м щызэхалъхьажащ республикэм и Іэтащхьэм фІагъ и лъэныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыным теухуа зэпеуэмрэ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІу 100» зэхьэзэхуэмрэ къарикІуахэр. Мы гъэм ар йокІуэкІ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІхэр - къэралым и рынокым папщІэ» къыхуеджэныгъэм щІэту.

АБЫ ТЕУХУА выставкэм предприятэ зэмылІэужьыгъуэу 29-рэ хэтащ, и Іэдакъэщ ІкІрэ Іэухутхьбзэу 100-м нэблагъэ щагъэлъэгъуащ. Апхуэдэщ ерыскъыхэкІхэр, цІыхухэр зыхуей промышленнэ хьэпшыпхэр, производствэ-техникэ мыхьэнэ зиІэ продукцэхэр, псэуалъэпхъэхэр, санаторэ, туризм Іуэхутхьбзэхэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ республикэм стандартизацэмкІэ, метрологиемрэ гъэунэхуныгъэхэмкІэ и къэрал щІыналъэ центрымрэ я жэрдэмкІэ илъэс зыбжанэ хъуауэ къызэрагъэпэщ мы зэпеуэхэм мыхьэнэшхуэ идот. Нобэрей зи чэзу гъэлъэгъуэныгъэри абы пызыщІ Іуэху щхьэпэщ. ЗэрытщІэщи, зэпеуэхэм я къалэн нэхъыщхьэр продукцэхэм я фІагъым хэгъэхъуэнырщ, бизнес мащІэмрэ курытымрэ зегъэужьынырщ, экологие и лъэныкъуэкІэ адрейхэм ефІэкІ, щІэупщІэ зиІэ, фейдэ къэзыт хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр къыщІэхъыныр щ, Іуэхутхьбзэхэм я рынокым хэзэгъэныр щ, ди Іэдакъэщ ІкІхэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпхырГъэкІынырщ, - къыхигъэщащ КъБР-м и япэ вице-премьер, республикэ комиссэм и унафэщІ Дадэ МуІэед. - Мыпхуэдэ зэпеуэхэр ди республикэм щагъэхьэзыр продукцэхэм я фІагъымрэ я щынагъуэншагъэмрэ къызэралъытэ пщалъэ хъуауэ. Абы Іэнатіэхэр Іуэхум трегъэгушхуэ, яхь жэуапыр нэхъ кууу зыхрегъащІэ. Илъэхьпіэкіэ ди предприятэхэмрэ организацэхэмрэ яГъэлъэгъуэн я мащІэкъым. Ахэр хамэ къэралхэм кърашу щытахэм емыфІэкІмэ, зымащІэкІи нэхъыкІэкъым. ІэнатІэщІэхэр къызэІувох, лэжьэкІэщІэхэм фыхуокІуэ. Фи зэфІэкІым хэвгъэхъуэнымкІэ ахэр хэкІыпІэфщІи, екъулІэныгъэ куэд фиІэну ди гуапэщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтыр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

● «Зэныбжьэгъуэхэр-2015»

Бахъсэн щІыналъэм и хьэщІэхэр

«Зэныбжьэгъуэхэр» щІалэргъуалэ Іуэхум и зи чэзу Іыхьэм хьыхьу Бахъсэн щІыналъэм и унагъуитІым щохьэщІэ Дагъыстэнымрэ Псыхуабэрэ къикІа щІалэхэр.

ИСЛЪЭМЕЙ, Къулъкъужьи Ипщэ къуажэхэм щыщ унагъуитІым щыІэну щІалэхэр адыгэ хабзэм щагъэсІуазэ, я нэгу зрагъужь. Псалъэм папщІэ, Жэмбичэхэ я унагъуэм щохьэщІэ Псыхуабэ щыщ Евгений. Абы адыгэ шхыныгъуэхэр игу дыхьэну, Шэджэм псыкъельэхэм зыщигъэпсэхуну, щыхьэщІэ унагъуэм щыщ, абы я гъунэгъуу псэу щІалэхэр ныбжьэгъу къищІыну хунэсащ. Жэмбичэ Іэсиет зэрыжиІэмкІэ, хьэщІэм егъэщІагъуаПэ къуажаждэсхэр абы къызэрыхэзгуапэр.

Дагъыстэн Республикэм къикІа Хьэбиб здэщыІэ Мамбэтхэ я унагъуэм игъэщІагъуэ ар Іэзэу футбол зэрыджэгур. Пщыхьэщхьэ къэс къуажэ щІалэхэм я гъусэу топ мэджэгу икІи абы ехьэлІа дерсхэр ет. Хьэбиб Гуэл щхьэнтІэхэм, «Джэдыкъуэ» зыгъэпсэхупІэм щыІащ, иджыри ящэнущ нэгъуэщІ щІыпІэ дахэхэм.

ХьэщІэхэм иратыну саугъэт зэмылІэужьыгъуэхэр ягъэхьэзыращ.

Бахъсэн щІыналъэм щыщ щІалэхэм апхуэдэ къаБзэу гупльитэ къыхуащІу щрагъэблагъащ Тэрч щІыналъэмрэ Дагъыстэн Республикэмрэ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іанэм и унафэщІ.

Ди фІэщ мэхъу

● Жэрдэм

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазыбрэ я Жылагъуэ палатэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ. Бадзэуэгъуэм и 22-м Абхъаз Республикэм абы Іэ щыщІадзащ Абхъазым и жылагъуэ палатэм и секретарь Акабэ Нателлэрэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Чеченов Ануаррэ. Республикитым я зэныбжьэгъугъэмрэ Іуэху зэдащІэныкъэмрэ ар и лъэбакъуэ щхьэхуэщ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и жэрдэмкІэ зэрауохылІа зэгурыІуэныгъэр сэбэн щыхъунущ лъэныкъуэ куэдым: щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, спортым, туризмэм.

- Мы дэфтэрыр сэбэн хъуну дыщогугъ нэхъапэм диІа зэпыщІэныгъэхэр щІэдгъэбыдэж къудей мыхъуу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ ди зэныбжьэгъугъэм щІэщыгъуагъ хилъхьэну, - жиІащ Чеченов Ануар. - Ди фІэщ мэхъу ди Жылагъуэ палатэхэм я зэпыщІэныгъэм фІы куэд къытхуихьыну, щІыхьэ зэгуэныгъэхэм зауэныкІи сэбэн хъуну. Зэгурыуэныгъэр гъэхьэзырыным зэрегугъуэм папщІэ Чеченовым фІыщІэ яхуищІащ Абхъаз Республикэм и Жылагъуэ палатэм и лэжьакІуэхэм. Акабэ Нателлэ къыхигъэщащ Іэхур ягъэкІуэтэн папщІэ езыхэри я къару зэремыблэжьынур.

Иужьрей илъэсхэм КъБР-м и Жылагъуэ палатэм апхуэдэ зэгурыІуэныгъэ ярищІылащ щІыналъэ зыбжанэм я Жылагъуэ палатэхэм.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Щыхьэр

Вокзалыщ Іэхэр фокІадэм ирихьэлІэу ятынущ

Налшык и къыдыхьэпІэ лъэныкъуитІым къыщрагъэжьа автовокзалыщІэхэр щаухуэ.

ЩХЬЭПЫКЪУЭ пэгъунэгъуу къыщрагъажьа автовокзалыр ящІ Глашев Аскэр зи унафэщІ ухуакІуэ гупым. Ахэр щІыхуэ 20 мэхъу. Вокзалым и япэ къатыр ящІращІеящ. Абы и унащхьэр къытрагъэжьыхьэ, етІуанэм щІадзэнущ. Абы къыдэкІуэу маршрутнэ таксиэр зыщІэтыну егъэзыпІэхэри яуухуэ.

Налшык и «Дубки» хьэблэм хуэзэ етІуанэ вокзалыр зыухуэр Кострома щыщ «Микель-сталь» ухуакІуэ компаниерц. Іуэхум Іэщ Іагъэлъ Іу 100-м нэс пэрытщ, ди щІыналъэм щыщ лэжьакІуэхэри къыщащтэ къохуэ. ООО-м и генеральнэ унафэщІ Кондратьев Николай къызэрыхигъэщамкІэ, «Налшык-Южный» вокзалым теплъэ дахащэ иІэнуущ. ЩІыр хьэйм э, сыткІи пэщІэтыфын хуэдэу быдэнущ, езым и электроподстанц, котельнэ, псы къагъэсэбэпар щагъэкабзэ ухуэныгъэхэри иІэнущ. Вокзалхэр фокІадэм и 1-м хьэзыр хъунущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Шынагъуэншагъэм тращІыхь

ЗыгъэпсэхупІэ жыг хадэм и хъэкъкІэ метрих зи бгъуагъ гъуэгущІэ тралъхьэнурэ, Парковэ уэрамыр ирагъэфІэкІуэнущ. Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и жэрдэмкІэ абы и проектыр ягъэхьэзыращ.

АПХУЭДЭ унафэ къащтащ а гъуэгу Іыхьэм транспортыр зэрыщІыбуным, зыгъэпсэхуГъуэ, гуфІэгъуэ махуэхэм автомобиль куэд зэрыщІэзэтрихьэм, Хьэтлохъущокъуэм и жыг хадэм зыщІэзыгъэпсэхухэм я гъащІэмрэ я узыншагъэмрэ дежкІэ шынагъуэ зэрыпылъым къыхэкІыу.

Іэщ Іагъэлъ Іхэм къызэралъытэмкІэ, абы транспортыр лъэныкъуитІымкІи хуиту щызэблигъэкІынущ, аттракционхэм я сабий къалэ щІыкІым кІуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэригъэпэщынущ.

Гъуэгубгъуэм Іут жыгхэр зэрахъуэмэнум тещІыхьауэ проектыр ягъэхьэзыращ. Лэжьыгъэхэр зыщІэхьэуІуэм и кІэм ирихьэлІэу яухуну я мурадщ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

«Налшыкдэс пщащэ нэхъ дахэ-2015»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым «Налшыкдэс пщащэ нэхъ дахэ-2015» зэпеуэр щекІуэкІынущ. Ар къызэрагъэпэщ щІалэргъуалэм я зэфІэкІхэм зэрагъэужьын, я лъэпкъ хабзэхэм фІыуэ щагъэгъуэзэн мурадкІэ. Къинэмыщ Іауэ, мы Іуэхур зи жэрдэмхэр щогугъ апхуэдэ зэхьэзэхуэм Налшык и пщІэр иІэтыну.

«ЗЭПЕУЭР зи ныбжьыр илъэс 15 - 27-рэ хъу налшыкдэс хъыджэбзхэм ятещІыхьащ. Абыхэм ди къалащхьэр фІыуэ яцІыхуу, щІыналъэм щыпсэу зэпэнчэм я хабзэхэми хащІыкІыу, утыку итыкІэ, псэльэкІэ дахэ яІэу щытын хуейщ. Араущи, къыхэдвгъэх нэхъ дахэр, щэныкфІэр, губзыгъэр!

Зэпеуэм хэтыну зэрыхуейм кІэ тхыгъэр хъыджэбзхэм шыщхьэуІуэм и 10 пщІондэ ирагъэхьын хуейщ Налшык щІыпІэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм. **ХэщІапІэр**: Щ ДжэжэнцІыкІум и уэрам, 17. УпщІэ зиІэхэр псалъэ хъунущ 77-52-12 телефонымкІэ.

ЩытыкІэм зимыхъуэжмэ

Франджым лэжьапІэнщэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ щохъу.

Къэралым лэжьыгъэмкІэ и министерствэм къызэриталмкІэ, Іэнатіэ хэха зимыІэхэм мэкъуауэгъуэ мазэм кьахэхъащ цІыху 1.300-рэ. Ар процент 4,7-кІэ нэхъыбэщ ипэ ита мазэм нэхърэ. Лэжьапіэнэшхэр иджыпсту мелуани 3,55-рэ щохъу а къэралым. Президент Олланд Франсуа а къулыкъум зэрыхахрэ - 2012 гъэ лъандэрэ - лэжьапІэншагъэр игъэмэщІэным хуэгъэза жэрдэм зыбжанэ къыхилъхьат, ауэ ахэри сэбэпышхуэ хъуахъум.

«2017 гъэм къэралым щекІуэкІыну президент хэхьныгъэхэм си кандидатурэр къыщызгъэлъэгъуэнукъым, си къулыкъум сыпэрытыну сызэрыхуит зэманым хуэгубудэу щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зеэмыгъэхуэжьифмэ», - жиІащ Олланд.

ПІалъэр къагъэІэпхъуэ

Инджылызыр ЕС-м къыхэкІыжьыным теухуа псалъэмакъ зыкъом щІауэ къокІуэкІ.

Нэхъ пасэу къызэратамкІэ, а къэралыр а зэгухьэныгъэм къыхэкІыжьыным теухуа референдум 2017 гъэм ирагъэкІуэкІыну трауХуауэ щытащ. Иджы а пІалъэр къагъэІэпхъуащ. Правительствэм и унафэщІ Кэмерон Дэвид и мурадщ референдумыр 2016 гъэм и мэкъуауэгъуэм иригъэкІуэкІыну.

Къэралыр ЕС-м къыхэкІыжьыным теухуа Іуэху къэрахьэжьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ я деж цІыхуу къакІуэхэм я унафэр езыхэм ящІыну Іэмал зэрамыІэр. Іэпхъэушапхъуэхэм ятеухуа хабзэ хэха инджылызхэм ягъэувыжьынымкІэ хуитныгъэ яІэнырщ Іуэхур зытращІыхьыр - зыхуэмеІэхэр, дзыхь зыхуамыщІхэр я хэкум ирамыгъэхьэу зэрызахъумэжьи Іэмалхэр къалъыхъуэу аращ. НэгъуэщІ къэралхэм щыщу цІыху куэдыщэ я деж кІуэ хуащи, абы щытыкІэр зэІигъэхьэу къальытэ хэку унафэщІэмри къызэрыгуэкІ инджылызхэми.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Аруан щІынатъэ

Къалэр ягъэкъабзэ

Нарткъалэ и уэрамхэр къабзэлъабзэу зэрехьэ «Коммунальщик» ММП» Іуэхущ Іапі эм.

АБЫ ПЭЖЬАКІУЭУ 30-м щІигъу иІэщи, ахэр жэщмахуэ ямыІэу къалэм и теплъэр егъэфІэкІуэным йогугъу.

Уэрамхэр зэщІэгъэкъэбзэным и мызакъуэу, ММП-м и къалэным хохьэ хьэ хьэулейкэр къэубыдауэ езыгъэзыпІэм ящэнырщ, кІэрыхубжьэрыхуэхэр дэшынырщ, къалэм и къэхэм кІэлъыплъынырщ.

«Межмуниципальнэ» Іуэхущ Іапі эу зэрыщытым къыхэкІыу, «Коммунальщик»-м гъэзугбгъуэхэр егъэкабзэ Псыкуэд, Псынабэ, Старэ Шэрэдж, Псыгуэнсу къуажэхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэри деш.

Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Къущхьэ Александр къызэрыджиІамкІэ, 2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэр хъарзынэу храхъэлІащ, етІуанэри екъулІэныгъэ яІэу яухыным хуищІэкъуэнущ. Бригадэхэм техникэрэ зэрыІэбэ Іэмэпсымэу зыхуеинухэр яІащ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Шыпхъум и гур дэлъхумкІэ гъэзащ.

● Псапащ Іэ Іуэхухэр

Ди хэкуэгъуэхэм зыщІагъакъуэ

«Гу къабзэхэр» щІалэргъуалэ зэгухьэныгъэм и зэхэшакІуэ Къарэ Ратмир ди пашэу, Прохладнэ щІыналъэм хыхьэ Благовещенкэ къуажэмрэ абы къедза Грабовец къутырымрэ бадзэуэгъуэм и 24-м дыщыІащ. Абыхэм щопсэу Сирием къиІэпхъукІыжа адыгэ унагъуэу 20-м щІигъу.

СИРИЕМ къикІыжа ди хэкуэгъуэхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ къызэІуаха счёт щхьэхуэм ди цІыхухэм ахъшэ халъхьэ, зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэп. Мы махуэхэм счётым кІихьари а Іуэхум хухахащ. Дэ мы къуажэхэм здэтшащ абыкІэ ящІэжауэ хьэжьигъэ, фошыгъу, шыгъу, прунж, сэхуран дагъэ, нэгъуэщІ ерыскъыгъуэхэри. Ахэр Благовещенкэ дэтІысхьа Хьэлауэ Аймэнрэ Грабовец жылэ цІыкІур хэщІапІэ зыщІа Уэтей Амиррэ я унагъуэхэм яхуэтшащ.

Уэтей зэщхьэгъусэхэм щІалэ цІыкІуитІ - Хьэзимрэ Хьэбибрэ ящІэ. Нэхъапэ Іуэкіэ нэхъыщІэ цІыкІум, Хьэбиб, къакъуэрыгъажэ тыгъэ хущІауэ щытати, иджы чэзур Хьэзим лъысащ. Къарэ Ратмир абы иритыжащ Урысей Реестрым и щІыналъэ къудамэм и Іэщ Іагъэлі Бэрбэч Хьэмзэт зэрыхуэупса МР-3 плеер лІэужьыгъуэм хуэдэ. Ар уэрэд дахэхэмкІэ, макъамэ гурыхьэмкІэ, псысэ-шыпсэ гъэщІэгъуэнэхэмкІэ зыгъэпсар Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакІуэ, журналист МахуэлІ Хьаджэтщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дохутыр щІэрыІуэм и дерс

● Узыншагъэ

Урысейм и нейрохирург нэхъыщхьэ, РАМН-м и академик Крылов Владимир иджыблагъэ яІущІащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и республикэ сымаджэщым щылажьэ дохутырхэм.

ФИГУ къэдгъэкІыжьыщи, бадзэуэгъуэм ипэхэм Налшык махуитІкІэ щекІуэкІауэ щыта «ПІалъэ къызыхэкІ мыхъуну нейрохирургие» зэхьыхьэм Крылов Владимир хэтащ. Абы щыгъуэм КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэмрэ къэралым и клиникэ сымаджэщ нэхъыщхьэ зыбжанэрэ зэгурыІуат Лъынтхуэм щеІэзэ щІыналъэ центрым и ІэщІагъэлІхэм я лэжьыгъэр нэхъ ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, сымаджэ хьэлъэр гъэхъужьынымкІэ зыр адрейм дэІэпыкъуэгъу хуэхъуну.

Нейрохирург щІэрыІуэр иджы Налшык къыщеблэгъаъм и лэжьэгъухэм дерс яритащ, зи щхьэ куІыр аневризм хуэ сымаджитІ операцэ ищІащ. Зи ныбжьыр илъэс 45-рэ, илъэс 60 хъу щІыхухъуитІыр мы зэманым узым къигъэдзыхэжьырщ.

Апхуэдэ операцэхэр Лъынтхуэм щеІэзэ центрым дяпэкІэ щащІ хъунущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

НІОБЭ

♦Къаплъэным и дунейпсо махуэщ. Ар щагъэуващ а псэущхьэр хъумэным теухуауэ 2010 гъэм Санкт-Петербург щрагъэкІуэкІа зэхуэсым.

♦1836 гъэм Франджым и къалащхьэ Париж къыщызэІуахащ Триумфальная арка зыфІаща ухуэныгъэ телъыджэр.

♦1914 гъэм VI гъэмахуэ Олимп джэгуэр зэрырамыгъэкІуэкІынум теухуа унафэ къащтащ. Ахэр щызэхэтын хуеят Германием, ауэ а лъэхъэнэм Япэ дунейпсо зауэр къызэрыхъеям и зэранкІэ ирагъэкІуэкІауэ щытакъым.

♦1948 гъэм Лондон (Инджылыз) къыщызэІуахащ XIV гъэмахуэ Олимп джэгуэр.

♦1963 гъэм япэу узгум ихьащ цІыхуэр къызэрырашэкІ Ту-134 кхъухьлъатэ лІэужьыгъуэщІэр.

♦1974 гъэм СССР-м къэрал шынагъуэншагъэмкІэ и комитетым егъэбыдылІауэ къызэрагъэпэщащ гуп хэха - «Альфа» жыхуаІэр.

♦1997 гъэм адыгэ пхъурылъху, Иорданием и пащтыхьыкъуэ Алий Бен-Хьусен «Кабардинка» ансамблым хэтхэм яІущІащ, пщащэм къыздэфащ.

♦Урыс сурэтыщІ щІэрыІуэ **Айвазовский Иван** къызэралъхурэ илъэси 198-рэ ирокъу.

♦Совет дзэзешэ, СССР-м и Маршал **Голиков Филипп** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу. Къыщалъхуа махуэ дыдэм - 1980 гъэм - дунейм ехыжащ.

♦Совет Союзым и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнейрэ и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Кадочников Павел** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Абхъазым щыщ еджагъэшхуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэ, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Абхъазым щІэныгъэхэмкІэ и академием и президент **Шамбэ Тарас** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Сэхъут Нурбий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Сириием щыщ дзэ кІуЛъхъущІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, генерал-майор, СХьР-м и Адыгэ ФІыщІэ хасэм и тхьэмадэ **Къэбэрдей Аднан** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей композитор, уэрэджэсакІуэ, продюсер, УФ-м и цІыхубэ артист **Крутой Игорь** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Фіагъыр къызэралъытэ пщалъэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Иужькіэ, зэраубзыхуам хуэдэу, гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа ерыскъыхэкІхэр, хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр, Іэхутхьэбзэхэр къапщытащ. Продукцэм и фІагъым, и къабзагъэм, Іэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм, я шынагъуэншагъэм, яІэ щІэупщІэм, щэхуакІуэхэм зэрадзлажьэм гулъытэ хэха хуащІащ.

«Прохладнэ щІакхъуэ завод» ОАО-м, «Велес-Агро», «Аква-Кристалл», «Налшык консерв завод», «Симба К», «Светловодск», «Жако» ООО-хэм, нэгъуэщІхэми къызэдаша ерыскъыхэкІ зэмылІэужьыгъуэхэм, гъэшхэкІхэм, ІэфІыкІэхэм, нарзаныпсхэм, пхъащхьэмыщхьэпсхэм республикэ комиссэм щыщхэр щытхъуащ, фІагъышхуэ зэраІэр къыхагъащІащ.

Гъэ къэси хуэдэу, «Тэрч налмэс» ОАО-р мы зэпеуэхэм хэтащ. СССР-м и зэман лъандэрэ и цІэфІ жгыгъэІэу, жэрдэмщІакІуэу заводыр къоГуэгурыкІуэ. Дуней псом щызекІуэ технологиехэри, абыхэм ефІэкІыу езым игъэнэхуахэри фейдэ пылъу кьеГэсэбэп. Налмэс Іэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр ІэнатІэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ, и Іэдакъэщ Іэкіыхэм ящыщІэхэр арэзы ищІу, адрейхэм ехьэехуэу мэлажьэ.

ЩІыхьым и орден зезыхьэ «Телемеханика» акционер обществэ зэІухар зи цІэфІ жезыІэрІэ, щІыпІэ къэдым къыщащІыку предприятэщ. Ар «Сириус» холдингым хьэхьэ «Урысейм и технологиехэр» къэрал корпорацэм хэтщ. Гъэгуэхэм тэмэму щызекІуэныр кьІэзэзыгъэпэщ Іэмэпсымэхэр гъэхьэзырыныкІэ заводыр пашэщ. Иужьрей илъэсхэм абы и Іэдакъэщ Іэкіхэм я фІагъым куэдкІэ хэхъуащ. Зыгъэнэху диодхэр зэрылъ иджырей светофорхэр къыщІэгъэкІыныжкІэ обществэм бжьыпэр иЫыгщ. Ахэр ягъэхьэзыр Урысей Федерацэм и ГИБДД-м щыпхагъэкІа техникэ пщалъэм къитІасэу. Предприятэм и Іэдакъэщ Іэкіыр «ХХІ лІэщІыгъуэм и технологие лъагэхэр» выставкэм щагъэлъэгуэри, нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу къалъытащ. Мы зэпеуэм абы къызэдащІ иужьрей зэманым ирагъэфІэкІуа светофор лІэужьыгуэхэр.

«Къэббалъкъгипс» заводым и продукцэр щІыпІэ куэдым къыщацІыху, щІэупщІэшхуи иІэщ. Абы гипс плитэхэр, панелхэр щагъэж, зэрызэпрахулыкІ плитэхэр щагъэхьэзыр, Іэкіи техникэкІи къагъэсэбэп шэпс зэхэлъхэр, гипс панелхэр, пкъыгъуэхэр щызэпкъралъхьэкІэ зыхуэей гипс клейхэр, лъэгуэхэм иралъхьэ гипс гъущэхэр, нэгъуэщІхэри кьащыщІагъэхІ. Предприятэм и Іэдакъэщ Іэкіхэм фІагъым и сертификатхэр, санитар-эпидемиологие экспертизэм, мафІэс щынагъуэншагъэм я тхыпхъэр яІэщ. Выставкэм епІлъэхэм заводым и продукцэм и ефІэкІныгъэхэм зыхагъэгъуэзащ, СіPSELL сату маркэ лъагэр зезыхьэ и гипсхэкІ пкъыгъуэхэр зэращэ щІыкІэм щІэупщІащ.

«Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-р зэфІэкІ зиІэ предприятэ пэрытщ. Абы и продукцэр щІыдагъэ къащІэшыпІэхэм, энергетикэм, транспортым, связым, радиоэлектроникэм, ухуэныгъэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми куэду къащІагъэсэбэп. Псалъэм папщІэ, «Лукойл», «Транснефть» АК», «Роснефть» НК» ОАО-м жыджэру ядолажьэ. КъащІигъэкІ продукцэм тещІыхьауэ, ар Урысей ИпщэмкІ щынэхъ лъэрыгэхьэщ. Абы и щыхьэтщ зэхьэзэхуэ куэдым бжьыпэр зэрыщиубыдар, 2011 гъэм «Урысейм и предприятэ нэхъыфІ» урысейпсо эпеуэм зэрыщытекІуар. Хабзэ зэрыхъуам тету, республикэ комиссэм хэтхэр я иужьрей екъуІэныгъэхэм кІэлъагъэпльащ, я лжьыгъэм, я мурадхэм хагъэгъуэзащ.

Выставкэ нэужьым, эксперт гупым кьыхилъхьам хэпльэри, зэхьэзэхуэхэм къарикІуэкІэ пэублэу зэхалъхьажащ, Къэбардей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм иратыну тхылъымрэ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІу 100» урысейпсо зэпеуэм яГъэкІуэну зыхуагъэфащэхэмрэ яГъэбелджылащ.

ТекІуэхэр мы гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм : фІагъым и дунейпсо махуэмрэ фІагъым и европей тхьэмахуэмрэ иригъэкІуэ ягъэлъэпІэнчщ.

АРУАН Алий.

Налшык

Унэм щхьэзыфІэфІу гуащІыхьа Іыхьэр якъутэж

Налшык щагъэткІиящ щхьэзыфІэфІу ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІэм ебэныныр. Нужь зэманым куэдрэ урохьэлІэ хуит зэращІ тхылъхэр Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм зыхуэфащэ и Іэнатіэхэм къыІамыхыу ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІэм, фэтэр куэд хъу унэхэм пэшхэр щхьэзыфІэфІу къыгуэзыщІыхьхэм. Ауэ апхуэдэхэм мыхъумыщІагъэ зэралажьым къыдэкІуэу, езыхэм я щхьэми лей ирахьи: хабзэм къемызэгъыу ящІа унэхэр зэракъутэм и уасэри, абы теухуауэ суд зэращІам текІуэдари япшыныкІ хуей мэхъу.

АПХУЭДЗ зы щапхъэ къэтхьынщ. Къалдэсхэм ящыщу зым Балъкъэр уэрамым тет псэупІэ унэм пэшІтІ хъуэу фэтэр къыщицэжжащ, метр зэбгъуэнатІэ 46,4-рэ къикІыу. Иужькіэ абы зыхуэфащэ документхэр къыІимыхыу и фэтэрым тІуэу зэтет Іыхьэ къыгуащІыхьри, пкІэунэри псэупІэу кърищІыкІыжащ. А щІыкІэм тету езым иЫыгъ фэтэрыр метр зэбгъуэнатІи 103,8-м нигъэсащ. А уэхуэныгъэр щригъэкІуэкІым абы къиубыдащ нэгъуэщІ щыхуи 9-м я мылъку зэхэлъу щытщІы Іыхьэм щыщ, и гъэнэгъуэм я арэзыныгъэм щІэмыупщІэу. Иджы фэтэр куэд хъу а унэм щыпсэуэхэр мэтхьэусыхэ езыхэм гугуеуэ пыуухыкІахэр къаэзрылъыкъуэкІам, ухуэныгъэщІэри къуэнкІэ щынагъуэу зэрыщытым теухуауэ.

Мы Іэхум иджыблагъэ щыхэпльащ КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм и коллегием зэІуихауэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм. Абы къыщащта унафэм ипкъ иткІэ, хабзэм къемызэгъыу ящІа ухуэныгъэр якъутэжу пщІантІэри зэтес ящІыжьын хуейщ.

Къалэм щыпсэуэхэм зыщагъэгъэпщэ хъунукъым езыхэм я фэтэрхэм я блину щыбым хуэзэхэр зэрыхуейуэ къагъэсэбэпыну зэрыхуимытыр. Унэ дэкІуеипІэхэм, пкІэунэхэм, щІыунэхэм хуэдэу, унэ щІыбым къекІуэкІ блынхэри абы щыпсэуэхэм мыгуэшу ябгъэдэлъ мылъкум хеубыдэ. Абы кьыхэкІыу щытщІы Іыхьэм щыщ, и гъэнэгъуэм я арэзыныгъэм щІэмыупщІэу. Иджы фэтэр куэд хъу а унэм щыпсэуэхэр мэтхьэусыхэ езыхэм гугуеуэ пыуухыкІахэр къаэзрылъыкъуэкІам, ухуэныгъэщІэри къуэнкІэ щынагъуэу зэрыщытым теухуауэ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

Адыгэ бзылъхугъэ

ЛЫХЬ Масирэт:

Егъэджакіуэу ущытыным и щэху нэхъыщхьэр сабийр фІыуэ плъагъунырщ

Ди псэлъэгъуэр

Іуэху къэс къежьапІэ иІэщ. Лъабжьэм и быдагъми куэд елъытащ. А гупсысэхэм сахьыжащ Къармэхьэблэ къуажэ школым, адыгэбзэмкІэ сезыгъэджа Лыхь Масирэт и деж. Масирэт Налшык педучилищэр, иужькІэ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ урысыбзэмкІэ и къудамэр ухуихащ. Абы и деж щІэныгъэ лъабжьэ щагъуэтащ куэдым. Класс нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми щриГъэджащ. Иджы пэщІэдзэ классым щІэсхэр ирегъаджэ. И гуапэу къыддэгуэшащ и Іэщ Іагъэм епха гупсысэхэмкІэ.

- Масирэт, сыт уи Іэщ Іагъэм и щэхур?

- Дэтхэнэ Іэщ Іагъэми щэху гуэр хэлъщ. ЕГъэджакІуэфІу ущытыным и щэху нэхъыщхьэр сабийр фІыуэ плъагъунырщ. Унагъуэм къыдэкІыу уи нэІэ къыщІэувэ сабийм анэ етІуанэ ухуэхъуми ярейщ. Уеблэмэ «Масирэт апхуэдэукъым дыззрыригъэсар» жаІэу адэ-анэм я псалъэм сысейр щытагъакІуэ щыІэщ. Къыщыгугъыу къэкІуа сабийр игъэпэжьын хуейщ егъэджакІуэм, къыгурыІуэн хуейщ абы и гъащІэм къалэнышхуэ дыдэ зэрыщигъэзащІэр. Абы щІэн зыриз яІэщи, бгъэдыхэкІэ щхьэхуэ къахуэгъуэтыпхъэщ. Хэт нэхъ гушхуащ, хэти нэхъ уКІытэхщ. Нэхъ щэхуэр тегъэгушхуэн хуейщ Іэмал имыІэу.

- ЦІыху щхьэхуэм и гъащІэм егъэджакІуэм щиубыд уеыпІэр сытым хуэбгъэдэнт?

- Школым сыщыщеджа зэман лъандэрэ егъэджакІуэм жиІам утекІ мыхъуну къысщыхьурт. ЕГъэджакІуэм игу зэбгъэбгъамэ, ар адэ-анэм я дежкІи удынышхуэт.

Къапщтэмэ, иджыпсту сэ езгъаджэ цІыкІуэрэри апхуэдэщ. Адэ-анэхэри къокІуэ, дерсхэм щІэсщ. «Дапхуэдэ щыкІэкІэ унэм дащыдэлэжьэн, дерсыр щедгъэщІыжкІэ сыт хуэдэ Іэмалхэр къэдгъэсэбэпын» жаІэу къызэочэнджэщ.

- Гъэсэныгъэра хьэмэ щІэныгъэра еджакІуэм япэу бгъэдэлъхьэн хуейр?

- ТІури зэдзэгъуэгурыкІуапхъэщ, ауэ, гъэсэныгъэм тІэкІу нэхъ тегъэщІэн хуейуэ къыщыдэкІынущ. Дерс щезгъэкІуэкІым и деж дакъикъэ бжыгъэ хухьзэх гъэсэныгъэм сытепсэлъыхьыныбм. Іэмал гуэрхэм сыхуэкІуэрэ, ар дерсыр зытеуэхуам къызэгъэзэгъ. Гу лъызотэ абы езы цІыкІуэрэри зэригъэгупсысэм.

- КъуажэдэсІ сабийхэм анэдэлъхубзэ дерсхэр фІыуэ ялъагъуу къыщІэкІынщ...

- Къалэм нэхърэ къуажэ школхэм анэдэлъхубзэ дерсхэр щынэхъыбзщ. Сабийхэми адыгэбзэ дерсыр фІыуэ ялъагъу. НэгъуэщІуи хьунукъым, анэдэлъхубзэщ сабийр япэ дыдэ зэрыгупсысэр.

- Компьютерымрэ Интернетымрэ утыкур яубыдащ. Сэбэп ар хьэмэ зэранигъэ къищэрэ?

- Зэман къэсхьку езым и пщалъэ иІэжщ. Дэ ди щІалэгъуэм щыгъуэ щыІащ комсомол, пионер зэгухэныгъэхэр. Гъэсэныгъэр щІытепщэт школым. Телевизор деплъыныи дыхуэныкъуэтэкъым, уеблэмэ. Ауэ иджыпсту гъащІэм компьютерыр къыхьыхьащи, абыи хэпщІыкІын хуейщ. Ар хъарзынэщ, цІыхум и лэжьыгъэр тыншыгъуэу дегъэкІ. Дерсхэми къыщыдогъэсэбэп. Уеблэмэ а компьютер джэгукІэ цІыкІуэми сабийм и акъылым зрагъэужь. Нэхъыщхьэр компьютерым уэзрыбгъэдэс хъуну зэманыр хэхауэ щытынырщ. Зыдебгъэхьэхыщэ хъунукъым.

- Нэхъыжьхэр нэхъ тынш ебгъэджэну хьэмэ нэхъыщІэхэра нэхъ къапщтэр?

- Нэхъыжьхэм нэхъ тынш къыщІэкІынущ уадэлэжьэну. Школым къыщІэтІысъьа къудейхэм япэ хьэрфым щыщІэдзауэ тхэкІэ, еджэкІэ ебгъащІэн хуейщ. Ауэ сэ нэхъ цІыкІуэ зэрыщІэхэм садэлэжьэну нэхъ сфІэфІщ. Сыту жыпІэмэ, сэращ абы я щІэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъри, сыт яхэслъхьами къезгъэщІами слъагъуу къыдэкІуэтей. Абы къызэт гурыфІыгъуэр нэхъ лъапІэщ сэркІэ.

- Класс щІыб лэжьыгъэхэм дауэ фехъулІэрэ?

- Иджыпсту ФГОС-м дытетщ. Гупжьейхэр догъэлажьэ, тхьэмахуэм кьриубыдэу сыхьэтищ хуэхьауэ.

Спортымрэ узынщагъэр егъэфІэкІуэнымрэ теухуащ «Лъэщхэр, гушхуахэр, ІэкІуэлъакІуэхэр» джэгукІэр. Мы бы сэ хэзгъэхьащ адыгэ джэгукІэхэу «Дыгъужь бащэ», «Бэракьыхь», «КъиукІыкІ», «УпщІэ пыІэ», «Гъэтэт», нэгъуэщІхэри. Щэнхабзэ уэзтІыныгъэ иІэщ «СщІэну сыхуейщ» зи фІэщыгъэм. Мыбы гъэщІэгъуэн куэд къыщащІэ сабийхэм. Хэт ящІэу тхылъымпІэр къэзыгупсысар? Сыт хуэдэ къэрал ящІэу ныП зиІар? Хэт псалъэзэблэдзыр къэзыгупсысар? Хэт школ партэр къэзыгупсысар? ЦІыхум хэлъын хуей хьэл-щэнхэм, хабзэм теухуащ «НыбжьыщІэм и театрыр». Шыпсэ дакъыхуоджэ, езы сабийхэр хэту теплъэгъуэ цІыкІуэр догъэув, гъэхуауэ тхыгъэхэм къызэрегъэнум худогъасэ. ЩыІэщ инджылызыбзэмкІэ, психологиемкІэ гупжьейхэр.

- ГъэджакІуэр сыт нэхъ зыщыгуфІыкІыр?

- Сабийм цІыху нэс кьищІыкІамэ, гъащІэм уеыпІэ гуэр щиубыдамэ - арагъ егъэджакІуэм насыпышхуэу къипльытэр. «Себгъэджауэ щытат, сыпхуэарэзыщ», - жаІэу лъагъунІ лъагъу къыщыкІуэІам деж, абы егъэлеяуэ дыщогуфІыкІ егъэджакІуэхэр. Іэмал имыІэу щытхъым дэтхэнэ ди еджакІуэри щІэныгъэлІ мыхъункІэ. Нэхъыщхьэр хьэл-щэн дахэ зыхилъхьэныщ, езым и лъагъуэ къигъуэтыжынырщ.

Епсэлъар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

ІэщІагъэ лей щыІэкъым

Гъащ Іэм щигъэува мурадхэм гушхуэныгъэ хэлъу хуэкІуэ цІыхум ельаГу нэгъуэщІым гу зылъымытэнкІэ хъунт дахэ куэд. Ар хуэарэзыщ гъащІэм, еджэну, лэжьэну, хъуэпсэну, зиужьыну къызэригъэщІамкІэ. Апхуэдэ гупсысэхэм сыхуишащ псэлъэгъу схуэхьуа Машжь Дианэ.

Машжь Дианэ

- Дианэ, уи Іэщ Іагъэмкі Іэ къыщІэдгъадэт.

- Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым и социально-гуманитар къудамэм «туризм» унэтІныныгъэм сыщыхуеджащ, дизайнымкІэ колледжыр щыгъын теплъэ къэгупсысныр си Іэщ Іагъэу къэзухащ. Студенту лэжьэн щІэздзащ испан туристхэр зэрыс кхъуныи и гиду. Къэрал куэдым сыщыІащ, лъэпкъ зэмыліэужьыгъуэхэм я цІыхухэр нэІуасэ къысхуэхъащ. Дунейр зэбгъэльъагъуукІэ, зэпымыууэ щІэ гуэр къызэІубох, уолъагъу абы и тельыджагъэр, цІыхухэр зэрызэмыщхьыр. Абы си гур егъэжан, хуит, насыпыфІэ сещІ. Егъэлеяуэ сигу ирохь Франс Анатоль и псалъэ Іущхэр: «Нэгъэшыжь зекІуэрщ псом нэхърэ нэхъыбэ къозытыр. Яэныкъуэхэм деж нэгъуэщІ щІыпІэ щыбгъэкІуа махуэ закъуэм нэхъыбэ къущит щІэзщ, илъэсипщІ гьащІэм нэхъра». Ар икІи пэжщ. ДизайнымкІэ колледжым сыщІыщІэтІысхьами иІэщ щхьэусыгъуэ: сызэрысабийрэ щыгъын дахэхэр сфІэфІщ, сурэт щІынми сыдекъэх. Сурэту сщІырт си нэм къыфІэнэу хъуар: школым щыдджа биологие тхылъым ит псэущхьэхэр, журнал зэхуэмыдэхэм ит цІыхухэр, щыгъынхэр. Зыгуэр здыну, зэрысхъэну сфІэфІт. Абы сыхуиГэсащ си анэшхуэ Мэкъуауэ Гадитхэр. Ар бзылъхугъэ екІуу, модэм тету зихуэпэну фІэфІу щытащ. Езым идыжьырт фэилъхьэгъуэ дахэхэр. Хуемыджа пэтми, тынш дыдэу эскизхэр ищІырти, сыт хуэдэ бостейри идыфырт. Си анэ Тамарэрэ си анэ шыпхъу Лидэрэ щыхьыджэбздэсхэм щыгъуэ псори къеХуапсэу ящІыгъ бостейхэр яхуэзыдыр си анэшхуэрат. Сэ куэдым сыхуиГэсащ абы: дэным, хэдыкІыным, щы зэрыхъэным. Анэшхуэм жиІэрейт: лэжьыгъэр нэщІысаУэ щытыпхъэщ. ИГъащІэкІэ сэри ар сигу изубыдащ. Си гум ильщ и чэнджэщхэр, сыт щыгъуи фІыщІэ хуэощ.

- ЕджапІэ нэужьым лэжьыгъэ пхуэхъуар сыт?

- Сэ зыбжанэрэ схъуэжащ си лэжьыгъэр. Япэу модэмкІэ къыщІэздзащ, сурэт щынэм зэпызгъэуакъым. Модэм теухуа журналхэмрэ газетхэмрэ папщІэ статьяхэр стхырт. ИужькІэ сурэт текъынми сыдихьэхащ. Модэ гъэльэгъуэныгъэхэм, мастер-классхэм сурэттехыу сыщылэжьащ. Сигу ирихьырт модельер цІэрыІуэ Кристиан Диор, сурэтыщІ Іэзэ, режиссёр Хамдамов Рустам сымэ я эскизхэр. А зэманым ирихьэлІэу зэзгъэцІыхуауэ щытащ сурэтыщІ Аккизовэ Имарэ, сыхэтащ abi и Art's cool - проектым. Республикэм и сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм я мастер-класс гъэльэгъуэныгъэр япэу екІуэкІыу арат. Ди япэ гъэльэгъуэныгъэм «Окна» фІэтащ, етІуанэм - «Зазеркалье». КъБР-м Сурэтыщ гъуэзджэхэмкІэ и музейр ди гур цыхьэшъуэ унэт. Имарэ тхуэхъащ гъэсакІуи, уи гупсысэр зэпхьэлІэн ныбжьэгъуи.

Мы зэманым сыщолажьэ «Баксан» газетым. Сыжурналистщ икІи сыкорректорщ, «Кино», «Мода», «Культура» рубрикэхэм щІэтхэр согъэхьэзыр. Егъэлеяуэ си гуапэщ си тхыгъэхэм теухуауэ щытхъу зэхэсыну. Уи лэжьыгъэр зыгуэрым игу дыхьэн нэхъыфІ щыІэ!

Антуан де Сент-Экзюпери и «Цитаделым» хэтщ мыпхуэдэу: «Насыпым упэплъэу ущысмэ, уздэкІуэну лъэныкъуэр къыпхуэмыщІэу уежьэнущ. Ауэ уи Іэр умыГъэувыІэу улажьэмэ, зыгуэр къэбгъэщІмэ, насыпыр езыр кьоуэлІэнущ». Сэ абы арэзы сытохъуэ.

- Журналистым и хьэл-щэным нэхъыщхьэу хэлъын хуейр сыт?

- Журналистым нэхъыщхьэу хэлъын хуей хьэлыр - пэжыгъэрщ. И щхьи, щІэджакІакІуэрэ къигъапщІэ хъунукъым. Пэжым и телъхьэру къэувыфын хуейщ сытым дежи, ящыныкъуэхэм деж ар егъэлеяуэ гугъуми...

- Сурэту пщІыну сыт нэхъ удэзыхьэхыр? Сурэтыщ Іэзэхэм хэт сымэ кьыхэбгъэщІыр?

- Сыту сфІэфІ цІыхухэм я сурэт сщІыну! Уеблэмэ куэд щІауэ сщІыхум и теплъэр щысщІкІэ, ящІэхьапэм дэзмыльэгъуэ куэдым гу лъызотэ. Абы сыт хуэдэу сыщыгуфІыкІра! Сурэтыщ цІэрыІуэхэм ящыщу си гум дохьэ Хамдамов Рустам, Климт Густав, Врубель Михаил, Моне Клод, Ван Гог Винсент, аниматор Петров Александр сымэ я хъэтІыр. Куржы сурэтыщІхэм къахэзгъэщынт Параджанов Сергей, Пиросмани Нико, Гудиашвили Ладо сымэ. Мыбыхэм псоми сыхуагъасэ сурэтыщІым и гур зэІухауэ щытынт зэрыхуейм.

- Сабиигъуэм балигъыныкІэ ириплъэжи...

- Параджанов Сергей зэрыжиІащи, «сэ дунейр сабиигъуэм и бжэщхьэІум сытетущ зэрыслъагъур». Си сабиигъуэр дахэт, джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэщІат. Дэ зэшыпхъуищрэ зы дэлъхурэ дохъури, ди благъэхэм я сабийхэри гъунэгъуэхэри къытхъыжьырти, куэд зэІутщэрт: дэтхэнэми диІэт дэ къэдгупсысыжа цІэ, хьэл-щэн. Си гум ІофІу илъщ школым щызгъэкІуа илъэсхэри. Урыс литературэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, сурэт щІынымкІэ дерсхэр сфІэфІт. ВолейболымкІэ ди школ командэм сыхэтащ. Олимпиадэхэм, зэпеуэхэм зэпымыууэ сагъакІуэрт. Сыкъэфэни сфІэфІт - иджыри, Іэмал згъэтмэ, блэзгъэкІыркъым.

- ГъащІэм къыщыбгъэсэбэп хабзэ щхьэхуэ гуэр уиІэ?

- ПсэкІэ си гъунэгъущ Ошо и псалъэхэр: «ГъащІэр кІэщІ, ар насыпыфІэу зэкІэрыфпсэуным фхыущІэкъуэ». Абы дыщІызэгъуж: ГъащІ гъунэгъэр фигу ивгъалъ - аращ цІыхур къызыхуигъэщІар.

Епсэлъар **НАФІЭДЗ Заремэщ.**

Дианэ ищІа сурэтхэм щыщщ.

ГЪУКІЭ Маринэ

Зеиншафэщ уэрыншэ дунейр

Новеллэ

Уэс цІынэ къесагъащІэм лъэгуажьэкІэ сыхэувэри, гъущІхъар щІыІэм си нэкІур кІэрыслъхьащ. Хъарым си Іэр дэсшикІауэ пэкІэ спэжьжьэ хъуа цІыкъум сылъэІэсыну сыхэтщ. Ауэ сыкІэлъыІэбэху - езыр ІуокІуэт. ИтІанэми, зэрыслъагъу къудейм си гур егъэгуфІэри, сылъэтэным хуэдэщ. Си Іупэхэр зэтож. ГущІэгъуншэу жьыр къызозауэ, си пщэм дэлъ ІэлъэщІым и кІапэмкІэ мэджэгу. Ауэ ахэр зыри къызмыдзэу, си гур зыдэджэгу цІыхум соплъ, си плъэгъуэр къытесхмэ, кІуэдыжьын сфІэщІу. Си дежкІэ ар псом нэхъыщхьэщи, сытегуэвыхь. Си гуфІэгъуэр зыхезгъэщІэну си Іэхэр нэхъри хуэоший, ауэ ар нэхъ жьжьэж мэхъу.

- КхъыІэ, къэкІуатэ, - сольаІуэ, ауэ си лъэІур зыхуэгъэзам зэхищІыкІыркъым. НэбгъуэкІэ къыскуепльэкІыуэрэ ІуокІуэт.

- КъэкІуатэ, къыбгъэдыхьэ гъущІым, - сольаІу аргуэру.

Ауэ ари зы лъэІущи, жэуапынышэу къэнэ. Уэс цІынэр си нэкІум къытехуэурэ мэткІужри, си нэпсым хэту йожэхыж. Си бэлъто кІапэхэр псыфыбзэ хъуауэ уэсым лъэгуажьэкІэ сыхэтщ. Ауэ сигу къеуэр аракъым. Уэсыракъым сызыгъэпІыщІэр, атІэ сыкъызыхуэкІуам и щІыІагъыщ. Къызэпсэльэкъым, къызэпльэкъым.

Зы дакъикъэкІэ, си лъэІум щІэдэІуа хуэдэ, гъущІ хъарым къыхуокІуэ, ауэ, щІогъуэжри, ІуокІуэтыж.

- КьэуныІэ, кхъыІэ, - сольаІуэ аргуэру.

СыкъыфІэІуэхуэкъым, къызэмыплъэкІыу ІуокІуэтыж.

- Мамэ! - дунейр къэзгъачэу сокІий, - мамэ!..

Си кІий макъым къигъэщтауэ, къызопльэкІ. ТэлайкІэ къызэпльу щыта нэужь, хуэмурэ гъущІ хъарым кьыбгъэдохьэ. СыгуфІэщауэ си Іэхэр хуэоший.

- Мамэ, си мамэ лъапІэ.

ГъущІ хъарым гъунэгъу къызэрыхуэхъуу, сыІэбэри, и Іэхэр къэзубыдащ. Си мамэ и Іэ щабэ цІыкІуэхэр си Іупэм хуэохь, зыщызмыгъэнщІу ба хуэощІ. Езым зыри жимыІэу къызопльэ. И Іэхэр си напэм ирызогъажэ. Зэгуэр абыхэм щабэу Іэ къыздальэу зэрыщытар сигу къокІыжри, си нэпсхэр йожэх. Мамэ щымщ, зы псальи къызжиІэркъым. Анэбгъэм къыщІача сабий цІынэм хуэдэу согъуэг.

- Мамэ, - аргуэру къызоІущэщ, - мамэ... СыкъэкІуащ уи деж...

Си Іэхэр гъущІ хъарым дэзгъэжауэ и нэкІум содэхащІэ.

- Мамэ, си мамэ дахэ цІыкІу. Зыгуэр щхьэ къызжумыІэрэ? КхъыІэ, тІэкІу къызэпсалъэ. Уэшхэжьи унэм? НакІуэ, нэкІуэж си гъуэгу. Сыт пхуэщІэн? Зыгуэр ухуей? ЖыІэ къудей... Уэ пщІарэт сэ сызэрыпхуэныкъуэр! ЗыкІэ гугъущи уэрыншэу дунейм ущыпсэуну! КхъыІэ, къызэпсалъэ... Уи макъым сыхуэзэшащ, ІэджэщІауэ зыри къызжепІакъым. Сыпхуэныкъуэщ... уи макъар адрей макъ къомым къыщыслъхьэхуэурэ сешащ... КхъыІэ, къызэпсалъэ... Зэхэзгъэхъ сызыхуэныкъуэ псалъэхэр, уэ пхуэдэу ахэр зыми къызжиІэфынукъым. Сриктуху сызыбгъэдэгъэс. Гу пщысхуакъым иджыри...

Ауэ мамэ хуэмурэ ІуокІуэтыж. КІуэ пэтми нэхъ жьжьэ мэхъу. Зы дакъикъэ докІри, слъагъужьыхэкъым.

- Мамэ, - ину сыкъыхокІиикІри, - сыкъоуш. Тэлайкі Іэ зыри къызгурымыІуэру пІэкъм сисщ, нужькІэ, слъагъуа псор зэрыпщІыхьапІэр къызгуроІуэжри, си макъ къызэрикІкІэ гъын щІызодэзэ. СыппэІэщІэщ, мамэ! ПщІыхьапІэ къудейми гъунэгъу сыщыпхуэхъукъым, уи макъ зэхэсхкъым. Сешащ уэрыншэу! Нэпсми си гур игъэтІысыкъым! УэрэзымыІэжьр си фІэщ схуэмыщІурэ, махуэхэр макІуэ! Иджыри сыщогугъ бжэр Іупхьу укъыщІыхьэжьну! Ауэ пщІыхьапІэ къудейкІэ фІэкІ услъагъужьнукъым! Махуэр си бийщ, абы пэІэщІэ укъыскухещІри! Мо дыгъэм и бзийхэри нэпсу къыщохьу! Зеиншафэщ... Зеиншафэщ уэрыншэ дунейр!

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIэщIыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

ЗэзыдзэкIар БЕР Хьэбалэщ

(КIэлъыкIуэр.
ПэщIэдзэр №№123-124, 128, 129, 133, 138-139, 144-хэм итщ).

XVIII
Тариэл Инд пащтыхьым хуитхамрэ текIуауэ къызэрыкIуэжамрэ

Хузотх тепщэм: «Пщым я пщыжыр уэрци, фIыгъуэм Тхьэм ухуишэ!
Бэлыхь Iей хэздзакIэщ хьэтхэр, хъуати я пщыр нэмысыншэ.
Сымыгъуэту хущIыхьэгъуэ, усщIащ уэри хъыбарыншэ.
Иджы фIыгъуэр си мелуану, хъанри гъэру ныпхузошэ.

Еуэ щыIэр къыздикI щIыпIэр Хьэтаэтти - езгухащ.
ФIыгъуэу яIэр къаIэщIэсхри, хэку хабзэншэр зэIубз сщIащ.
МащIэ щыхъум махъшэу яIэр, хьэлъэзехьэ шыдхэр сщIащ.
Сыхуеяти Хьэтайм къалэу, жылэу яIэр сысей хъуащ».

Хьэтаэтым я пащтыхьыр гъэру сщIыгъуу сыкъожьэж.
Инд пащтыхьри сэ къыспожьэ, гуфIэу, иIэу гукъыдэж.
ЕкIуу къыпхуэIуэтэжынкъым щыхьтIауэ хуэдар абдеж.
Си Iэ пхар къетIатэр сакъыу, егугъупэуи схуепхэж.

Утыкушхуэм дынэсыжмэ, шэтыр дзгъуэ солъагъу щыту.
Схуиухущ ар уэршэрыпIэу, узыхуей зы къыхуэмыту.
Щысхуаблэр санэхуафэр, щытхъу хъуэхъубжьэхэр схуаIэту.
КъыщIоупщIэ, сегъэтIысри, си уIэгъэм, еплъ зэпыту.

Нэху щыху дофэ, дошхэ IэфIу; макIуэ жэщыр гукъеуэншэу.
Пщэдджыжьым зыдоIэтри, докIуэж къалэм гуп узынщэу.
ЕщI унафэ тепщэм: «Къевджэ си хэкудзэм зэрыхъушэу!
Дэнэ щыIэ гъэр фщIа гупыр? Къэфху си деж, Рамаз я пашэу!»

Къелъагъу занщIэу Рамаз-хъаным Инд пащтыхьым и нэкIу фафIэр.
Парсадани абы IоущIа, ирипэсу псалъэ IэфIыр.
Ара хуэдэ зейр гуфIэгъуэр, едэхащIэу бийр егъафIэ,
ЛIыхъужь хабзэу къиалытауэ, бзаджэнаджэм ар хуогуфIэ.

Инд пащтыхьыр нэжэгужэу бгъэдэсщ хъаным - дошхэ, дофэ.
Доуэрпэрыр ифIэщыпэу, гурылъ IэфIу и псэльафэр...
КъызоупщIыр ар пщэдджыжьым, нэгум щIэту гумащIафэр:
«Хуэбгъэгъуну хъаным, хьэмэ? Сыт абыкIэ уи унафэр?»

Сэ жызоIэ: «Тхьэм хуигъэгъумэ, къыдищIам абы емыплъу,
Хуэгъэгъу уэри къарууншэм, щытми уи гур мафIэу къэплъу».
Абы мыр Рамаз жреIэ: «Хуит узощI, Iей сигу пхуимылъу!
Ау зэгъащIэ, фIы щIэпхынкъым, къыщIэбдзэжмэ укъытхуилъу!»

ЕщI унафэ къыдатыну мелуан ахъшэу щхьэщэхужу,
Хьэтаэтым ар я ахъшэу, щэкI, алътесхэри щIыгъужу.
ХамэщI хъанри гъусэу щIыгъури ихуэпащ пщым зэкIу-зэкIужу,
КъыдищIахэр бийм хуегъэгъури, ирет фIыгъуэр щымысхыжу.

ЩIым ба хуищIу, щхьэщэ ищIу, Рамаз-хъаным жэуап къет:
«Сигъэтынышхыащ Алыхым, лей зесхьамэ, къуаншэр сэрт.
Зэ иджыри ар уэсщIэжмэ, махуэ гъащIэ къызумыт».
Иожьэж хъаныр, и Iыхьлыхэр щIыгъуу, я щхьэр къамыIэт.

Пщэдджыжь гуэрым пщым и лIыкIуэр жьыу къэсау
си деж къыщIохьэ.
КъеIуэху тепщэм: «Мазищ мэхъури укъихьакъым уэ си пащхьэ.
Абы лъандэми сIухуакъым губгъуэ Iэщу зы псэущхьэ,
ПлъэкIыхьхэнум, псынщIэу къакIуи, щакIуэ губгъуэм зэ дигъэхьэ».

Арти сокIуэ, дэтщ щомыщхэр ди дарбазым Iэрызешэу,
Къалъэтыхьыр дыщэ джэдхэм, бгъэ гъэсахэм, къыргъейм хъушэу,
Хьэзырыххэу щысщ пащтыхьыр тепльэ фафIэу, цIыху узынщэу,
ЖеIэ: «ИкъукIэ къысщохьу гуапэ, узолъагъури сэкъатынщэу».

ЙоIущащэ и щхьэгъусэм тепщэр, жиIэр къысщибзыщIу:
«Тариэл щыIати зауэм, хъуащ нэхъ бжьыфIэ - хощIыкI IупщIу.
Ар яхэтыфынщ ныбжьэгъухэм, зи гур хэщIым фIы яхуищIу.
Иджы бжесIэу хъуар гъэзащIэ, тIэу жыIэгъуэ сумыгъэщIу:

Куэд щIау си гум зыгуэр ильщи, игъуэ хъуащ ар уэри пщIэну:
Пащтыхьыгъуэр ди пхъум и пщэм щыдэтлъхьакIэ зэрихьэну,
ЩреIу и цIэр дуненшхуэм, цIыхуу щыIэм ягу ильыну!
СыфIущIэнщ сэ къэзгъэзэжмэ, фыкъыспэплъэ фи къаIэну».

Гурыхьщ икъукIэ бгитI ауэым зэрызехьэу удэтыну,
Хьэ гъэсахэм, къаргъеI Iущхэм зыкъыбдащIу ущэкIуэну.
Ауэ куэдри дымыщакIуэу, ящI унафэ дыухыну,
Утыку тIэкIу дыкъыщоджэгури, дожьэж унэм дыкIуэжыну.

ДыздэкIуэжым, цIыхуу щыIэр къытпежьауэ къыдоплъакIуэ,
Тезщ унащхьэм къалэдэсхэр, дэзщ уэрамым накIуэ-плъакIуэр.
Дыщэ защIэу зэщIэльдэ Iэщэ-фащэр сэри сокIур,
Ауэ нэпсым къегъэщIытэ зауэм фагъуэ сфIищIа нэкIур.

БлэкIа зауэм и фэеплъу, фащэ екIуу абэ[1] зесхьэр
ЩытесшащIэм си дамитIым, фыгъуэнэдхэм къыфIоху я щхьэр.
Хьолъэ и шым тепщэр, куэбжэр Iуахри, пщIантIэм дыдагъэхьэ.
СыщыIуплъэм си нэхунэм, къызэщIоплъэ си нэкIущхьэр.

Щытщ къызоплъри ар, и фащэр дыгъэ къепсым пэлыдыжу,
БгъэдэтщI пщащэм къепщIэкIауэ тхьэIухудхэр, загъэфIэжу.
Нуру идзым сэреишхуэр къыпфIегъэщIыр нэхь дахэжу,
Фащэм хэлъ налкъутналмэсым холъагъукIыр нэхъ гуакIуэжу.

Сэри сокIуэ, пыкIау си фэр, Iэ уIэгъэри пылэлу.
Къыспожажьэр гуащэр гуфIэу, нэжэгужэу, псэ хьэлэлу,
Ба къысхуещIыр анэм хуэдэу, си нэкIуитIыр нэпскIэ илэу.
Абы жеIэ къызэплъпыну: «ПIэщIэкIынкъым бий уэ къолу».

Сабгъэдэсщи сэ пащтыхьхэм, дуней фIыгъуэр сысейу собж.
Дыгъэ нурри кмисщ си пащхьэм - нэкIукIи фащэкIи зокIуж.
ДызэIуплъэм, дэ тIум нэкIэ ди гурылъхэр зыдохьуэж.
КъытезгъэкIмэ абы си нэр, си Iэпкълъэпкъыр мывэу мэж.

Щыхъущ хабзэ ди хэкушхуэм ефэ-ешхэ ин яIэту,
ЩыIэ хъункъым ди дех хуэдэу нэжэгужэу гуп зэхэту.
ЗэIэпахыр я хъуэхъубжьэр, дыщэ фалъэм пщIыпщIу иту,
ЩIигъэкIакъым зы цIыху тепщэм, ар чэф хъуами, гъуэгу ириту.

Абэ[1] - щыгъын фэилъхьагъуэщ. Фащэм и щIыIуэм къытелъу цIыхухэм я пIэм илъу щытащ.

Сурэтхэр **Кобуладзе Сергей** *ищIащ.*

Сахэсыху а гуп дыгъэлым, нэжэгужэ нэхъри сохъу,
ЗэIуплъэху дэ тIум ди нитIыр, хьэщыкъ мафIэр махэ мэхъу.
Сигу къэплъар нэхъ щабэ сщIыну, изоIуэкI: «Зэран умыхъу!»
ФIыуэ пльагъум убгъэдэсу зэман бгъакIуэр IэфI къыпщохъу.

УэрэджыIэхэм Iэ хуащIри, уэредадэр ягъэувыIэ.
Тепщэм жеIэ: «ПхуэIуэтэнкъым гурыфIыгъуэу нобэ диIэр.
Птхьэкъуащ я гур ди лIыхъужьхэм, уэрщ хъуэпсапIэу дунейм щаIэр.
УэркIэ пагэр, хэту щытми, захуэу собжыр, щIыкъым жиIэр.

Уи къулыкъум екIу щыгъынкIэ ди къалэнщ дэ утхуэпэну.
Ауэ, пфIэфIмэ, а пщыгъ фащэр ухуитщ дяпэкIи зепхьэну.
Узыхуейр щытIагъэ фащэу, ауэ хабзэм нэхъ екIуну,
Къащтэ зы щэ дыщэ кIадэу, ухуеиху уригушхуэну».

ХъугъуэфIыгъуэкIэ кудауэ щIыунищэм я IункIыбзэ
Къызат къахьри. Сэри, щхьэщэ хуэсщIу, тепщэм собзэрабзэ.
Къысхуащ IэплIэ зэлIэзэфызым, сэ къысхуаIэуэ гу къабзэ.
Хуегуэш и дзэм, щымысхьыжу хъугъуэфIыгъуэр, хуэхъуау хабзэ.

МэтIысыжыр тепщэр и пIэм, ефэ-ешхэм зеужьыж,
Мэбзэрабзэр пшынэр гуакIуэу, цIыхухэм я лъыр зэщIоплъэж.
Нэхущ ваугъуэм гу щылIитэм, ешау гуащэм зеIэтыж.
Зэхэтащ нэху щыху гуфIэгъуэр, хэти иIэу гукъыдэж.

ХуэмыкIуэжу ди гур фадэм и кIэм псори дотэджьжыр.
Исфар сэри къыстехьэлъэу, си хащIапIэм сокIуэлIэжьыр.
ЩIэтщ си нэгум псэм и щIасэр, дахэ псом я нэхъ дахэжьыр.
Лъагъуныгъэ мафIэр уи гум къыщIэнамэ, сыт плъэкIыжьыр?

XIX
Нестан-Дареджан фIыуэ илъагъум хуитхар

НыщIолъадэ си деж пщылIыр, хъыбарыщIэ къысхуихьауэ:
«Пщащэ гуэр нэкIуIупхъуэ Iулъу щытщ,
мыбдеж къыпхуейу къэкIуауэ».
КъищIау си гум къэкIуар хэтми, къысфIолъэт къэпIейтеяуэ.
Солъагъу къакIуэу Асмат, гъэзгум насэIуасэ ар хуэхъуауэ.

Си ажалыр зыIэщIэлъым и фэ Асмат сэ есплъауэ,
Собзэрабзэ зэрыслъэкIкIэ, гуапэу пщащэм сыIущIауэ:
СогъэтIысри, хузощI Iэплэ, фIыгъуэу щыIэм ар пэсщIауэ.
СоупщI: «Куэд щIа зэрыкIуэжрэ, сызыгъэткIур гъэр сищIауэ?

ЖыIэт пэжу абы и гум сэ къысхуилъыр! СфIэфIт ар къасщIэм!»
Жэуап къетыр: «Тхьэ бжесIэнмэ! ПцIы супсакъым сэ игъащIэм.
КъигъэпльэI си гугъэщ фи гур фэ тIум нобэ фи зэIущIэм,
Хуэсхьыжьын хуейщ абы псынщIэу уи хъыбар,
нэхъыфIщ згъэзащIэм».

Къыщызитым тхыгъэр лIыкIуэм, дыгъэр си гум къипсэжащ.
Къетх Нестан: «Налкъутналмэсым и дахагъыр сэ слъэгъуащ!
Нэхъ бжьыфIэж уищIауэ зауэм, екIуу шыбгым уэ уисащ,
Ау зэгъащIэ, си гукъеуэм нэхъри хэхъуэу шэч сщыхъащ!

СхулъэкIатэм уи щIыхь лъапIэр сIэтынт нэхъри лъагэу, си псэ!
ПхуэзгъэкIынт уэ асльэн хахуэм уэфI дыгъэпскIэ роэз хьэсэ.
ЗызгъэлIэнщ сэ сылIэу щытми, сигу пхуимылъу зыгъэгусэ.
Тхьэ пхузоIуэ, симыIэнкIэ уэ нэмыщI нэгъуэщI щхьэгъусэ.

Мамырщ си гур къимыгъыкIыу уи Iущагъым и саулькъукIэ,
Зыщыхъумэ уэри нэпсым, ди гурылъхэр зы щыхъуакIэ.
«Хэт нэхъ дахэ?» - жаIэу, цIыхухэр зонькъуэкъу дыкъылъагъухукIэ,
Къысхуегъэхь уэ зепхьэ абэр, къысхуэупси сэ абыкIэ.

КъысхуэщI тыгъэ а уи фащэр, зесхьэщ ар сэ уи фэеплъу.
Хэхъуэнщ уи гур сыкъэплъагъумэ, уи саугъэтыр си плIэм дэлъу.
Уэри зехьэ си Iэпщэхъур, гу гъэхуабэу Iэпщэм илъу,
Щызгъэтынт ныжэбэ жэщыр и пIэм иту, IэфIри щIэлъу».

XX
Тариэл зэрыгъамрэ и акъылыр зэрыутхъуамрэ теухуа хъыбар

Тариэл аргуэру и гур хуэмыубыду къызэIохьэ,
ЖеIэ гуIэу: «Мис Iэпщэхъур, пщащэм и фэеплъу зесхьэр».
Фащэ екIуу абэ гуакIуэр плIэм къыдехри, къыфIоху и щхьэр.
Тыгъэ лъапIэр хуехьри Iупэм, къыщеудри магъ, мэпыхьэ.

Щылъащ куэдрэ ар апхуэдэу, бэным хьэдэ дэлъ къыпфIэщIу,
И лъэужьу удын гъущэм телыщ фIыдIаигъэр и бгъэм IупщIу.
Иуэтхьэжу и нэкIуитIыр, магъ Асмати, гур хигъэщIу,
Плъыржьэр гуащIэр псынэ щIыIэм егъэтIыс, нэхъ щабэ хуищIу.

Автандили нэщхъей дыдэу щысщ, илъагъур гум щIыхьауэ.
Магъ Асмати гур хигъэщIу, нэпсир хуиту иутIыпщауэ.
ЩIылъэIэсым псынэ щIыIэр, зыкъещIэж сэбэн хуэхъуауэ.
Тариэл къэпсалъэ: «ГъащIэм щIефыкI си лъэр, Iуэху сищIауэ!»

КъызэфIотIысхьэж ар хьэлъэу, акъылыншэ нэкIуу, фагъуэу,
Зихъуэжащ и теплъэм розэм, щытар япэм гуакIуэу гъагъэу,
Щыху Iупльэныр и хьэрэму, епсэлъэнри нэхъ и жагъэуу,
Дуней гъащIэм ар щIэрыщIэу хэпплъэжыныр фIэмыфIыгъуэу.

Автандил жреIэ: «Си щхьэр мылажьэжми япэм хуэдэу,
И хъыбар бжесIэнщ сэ пщащэм, сэзыгъэхьым гъащIэр хьэдэу.
УмыщIыхуми ар плъэгъуауэ, фIы схуощI си гур ныбжьэгъу дыдэу,
СогъэщIагъуэ сыкъелащи, стелъ бэлыхьым ар къысхуидэу.

СыгуфIащ Асмат щыслъагъуэм, шыпхъу схуэхъуа Нестан и шыпхъур,
Къызет гуфIэу тхыгъэм щIыгъуу дыщэ защIэу лыд Iэпщэхъур.
Iэрызолъхьэ си Iэм... Сэри, щысхри данэу си плIэпхъуэр,
Хуезгъэхьащ абы фэеплъу и дахагъым нур щызыпхъуэр».

XXI
Тариэл фIыуэ илъагъум хуитхыжар

Хузотхыж абы: «Си дыгъэ! СфIэфIщ уи нэхум сыхэтын.
Гурылъ IэфIым и лъэщагъым нэхъ лIыхъужьри ещI Iэнкун.
Уи нэгу къабзэм къыщIих нурым къысхуэгъуэткъым пэльэщын,
Хьэлэлагъыу уи гум илъым хуэдиз фIыгъуи сэ згъуэтын?

Зэ къысхэплъхьэжат уэ си псэр... Иджы ар сигу къэкIыжауэ,
СогъэлъапIэ нобэ махуэр, мис а махуэм пэсльатауэ,
Сропагэ уи Iэпщэхъуми, сфIэфIу Iэпщэм ар ислъхьауэ,
Нобэ хуэдэу насыпфIэ сльагъужьынкъым сыхъуауэ.

СогъэзащIэ сэ уи лъэIур - нызогъэхь си дыщэ пыIэр,
Абы щIыгъуц бостей дэгъуащэ зыгъэпудыр уасэу щыIэр.
Сигъэлъ уигу сэ насыпыншэр! Аращ лъэIуу сэ пхузиIэр.
Лъагъуныгъэуи насыпуи уэ зырщ сэ дунейм щызиIэр».

ЩIэкIыжащ Асмат тэдджыжри, сешат сэри - зезгъэщIащ.
ПщIыхьым хэту асыхьэтым пщащэр нэгум къыщIыхьащ.
Сыкъэушмэ - мэбзэхьыжыр, си гущыщIэм хэхъуэ хуащ.
Хъыбар иIэкъым си щIасэм, нэхъ кIыфIыж жэщ кIыфIыр хъуащ!

XXII
Нестан-Дареджан гуащэ зэрыхъунум теухуа чэнджэщ

СыкIуэн хуейуэ щыхьэр унэм, жьыуэ хъыбар къысIэрохьэ.
ЗысхуэпэхукIэ, къэкIуа лIыкIуэм къыпызохьр Iуэху зэрахьэр.
Сынос арти - зэхэщ хасэр, бгъурысщ гуащэм си нэхъыщхэр.
Къулыкъу зесхьэм арт езэгъри, пащтыкъ пащхьэм сыкъотIысхьэ.

Сэ къызжаIэ: «Дэ ди ныбжьыр, зэрыфлъагъущи, хэкIуэтащ.
ЕкIуэтэкIри ди щIалэгъуэр, жьыгъуэм гъусэ зытхуищIащ.
Дэ дыкъуэншэщ, хъыджэбз закъуэщ, дрипагэуи къэхъуащ,
Къуэ имыIэу жьы хъуар хэтми, насыпыншэу къэпсэуащ.

Иджы, ди пхъум хуейщ щхьэгъуси, ди къалэнщ къыхуэдгъуэтыну!
Ар дэ тхуэдэу пщыпIэм ису, ди лъэпкъ напэр ихъунэну,
Ди хэкушхуэм и бэракъыр лIыхъужьыгъкIэ зэрихьэну,
Дэ ди бийуэ джатэр зылъым и лъэдийр зэриудыну!»

«Къуэ фимыIэми, - жызоIэ,- щытгкъым фэ фи махуэр кIыфIу.
Хэт лъэкIын дэ къыттепсэну, ди хэкушхуэр кигъэбжьыфIэу?
И къуэм щхьэкIэ хэт дельэIуми, къызэрищIэу щIидзэнщ гуфIэу.
Срительхьащ фщIы унафэм, влэжьмэ Iуэхур фи гум фIэфIу».

ЩIадзащ Iуэхум тепсэлъыхьхэу... си гур плъауэ, къресыкIыр.
ЯщI унафэм сыпэрыуэу яжесIэну сытыт слъэкIыр?
Тепщэм жеIэ: «Хорезм шахыр къулейщ хуабжьу, куэд хулъокIыр,
КъытхуищIатэм и къуэр малъхъэ, арат дэркIэ Iуэху зэфIэкIыр».

КъызгуроIуэ сэри: тепщэм жиIэр псоми фIыуэ ящIэ.
Зэ зопльыжхэри бейгуэлхэр, арэзыуэ мэхеящIэ,
Яхэслъхьакъым си зы псалъэ, къысщIэна пэт лыгъэ гуащIэр.
Сыхэсщ хасэм, сису мафIэм, къайзмыгъащIэу си гум щыщIэр.

Гуащэм жеIэ: «Хорезм шахым хуэдэу щыIэкъым къулей!
ПхуищIмэ малъхъэ абы и къуэр, нэгъуэщI малъхъэ дэ дыхуей?»
СщIэрти тепщэм зэригуапэр, япэздзакъым псалъэ лей.
Арэзы сытохьуэ жаIэм, тельми си гум пшагъуэ Iей.

Хорезм шахым тхыгъэ хуатхыр цIыху цIэрыIуэхэм яхьыну:
«Ину щытми ди хэкушхуэр, къуэ тхуалъхуакъым пащтыхь тщIыну,
Ауэ диIэщ тахътэм ису пщащэ дэгъуэ гуащэ хъуну.
ТфIэфIт дэ тщIыну фи къуэр малъхъэ, благъэ дризэхуэхъуну».

ЛIыкIуэу кIуахэри къэсыжри, тыгъэ хъуши ягуэшащ.
Хорезм хэкум я пащтыхьыр гуфIау икъукIэ жаIэжащ.
Абы кьетхыр: «Сэ хъуэпсэгъуэу сиIам си Iэр лъэIэсащ,
Дэ ди бынхэр, шэч хэмылъу, зэхуэфащэуи къалъхуащ».

Я малъхъэщIэм деж щIэрыщIэу кIуэну цIыхухэр хьэзыр ящI.
Хуатхыр: «ФфIэфIмэ ди жэрдэмыр,
кIыхьлIыхь Iуэхур дывмыгъэщI!»
МащIэу утыку сыщешати, си щхьэр хьэлъэт - зызогъэщI,
Илъщи си щхьэм нэщхъеягъуэр, бампIэм си гур сфIыхегъэщI».

XXIII
Тариэлрэ Нестан-Дареджанрэ зэпсалъэу зэрызэгурыIуам теухуа хъыбар

АпхуэдизкIэ бампIэм сихьти, хэссэнт си гум сэр абдеж.
Асмат лIыкIуэ къыщигъакIуэм, нэхъ IэфI гъащIэр къысщохъуж.
Тхыгъэр къыIизох, сыкъоджэ: «ЛIыхъужь хахуэу фIым я фIыж!
УмыгъакIуэу зэман пщIэншэу, къакIуэт псынщIэу Нестан деж».

Зыслъытэжу насыпфIэу, шым сошэри, гъуэгу сытохьэ.
КъызэзнэкIмэ жыг хадэшхуэр, сэрей дэгъуэм сыбгъэдохьэ.
ЩытщI Асмати сэ къыспэплъэу, къимыIэту гуапэу и щхьэр.
Къелъэлъэхьу и нэпситIыр, гур хигъэщIу ар мэпыхьэ.

СедэхащIэ, селъэIу пэтми, гъын абы схущигъэтакъым,
Зыхуэсхьынур сщIэркъым сэри - зэи апхуэдэу къысIущIакъым.
ЩытщI зы псалъи къызжимыIэу, магъ зэщыджэу, сщIэнур сщIэркъым.
КъызэIохьэ абдеж сигури, къекIуа нэпсир схуэзIыгъыжкъым.

КъызжимыIэу Асмат псалъэ, срешажьэ япэ иту.
Унэ хуитым сыщIишауэ, бжэ къепхъухыр зэрИэту,
Къыстолыдэ нуру мазэр, си нэм плъапIэ къримыту.
ЗеIэтыжри пшагъуэ фIыцIэм, къопсэж дыгъэр си гум хуиту.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

● Ди хьэщIэщым

Адыгэшым деж щыщIэдзауэ Бейбарс деж щыщIэкIыжу

Адыгэм и цIэр къэрал куэдым щигъэIуэрэ, гурэ псэкIэ ящыIэхэкIэ лъэпкъым хуэлажьэу диIэ машIэм ящышщ кинорежиссёр, сценарист, композитор, продюсер, тхакIуэ Къандур Мухьэдин. Ар хэкум къэкIуэжьыху уепсальэми, щIэщыгъуэ гуэр къыбжиIэнущ, и лэжьыгъэщIэхэмкIэ, и мурадхэмкIэ, и ехьулIэныгъэхэмкIэ и гуапэу къыбдэгушIэнущ. Мухьэдин ди редактор нэхъыщхьэ ХьэфыщIэ Мухьэмэд деж лъэгъунлъагъу къыщIыхьати, ди хьэщIэщым едгъэблагъэри, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Мухьэдин, сыт щыгъуи уи гуапэу укъызэдэкIуэж хэкужьым мызыгъуэгум сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ укъыхуеблэгъэжа?

- Дуней псом щыцIыкIэу адыгэшым статус етыным дытолажьэхьэ ипсэущ хъуэру. А шы лъэпкъым и тхылъ къыдздгъэкIыу, дуней псом щызэбгрыдгъэкIыну, шыхэм елэжьхэм яIэрыдгъэхьэну дыхуейщ. Шыхэм паспорт езыт IэщIагъэлIхэр елэжьащ мы Iэхъум куууэ.

Зи гугъу сщIыр хуабжьу лэжьыгъэшхуэщ, адыгэ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ зыхуэсакъыпхъэжьм яхьэобжэ. Адыгэшым и жэрагъкIи, бэшэчагъкIи, дахагъкIи куэдым къацIыхуну хунэсащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, Урысейм и гъунапкъэхэм адэкIэ ар къызэрыщащIэр урысешыущ. Абы и тхылъ зэдгъэпэщу и цIэр идмытхэмэ, а дыззэрпагэ лъапIэныгъэр тIэщIэкIынкIэ шынагъуэ щыIэщ, «Къэбэрдеиш» цIэращ дгъэувыну зиужь дитыр. Иджыпсту шым и уасэр докIуей, Германием, Франджым, Инджылызым фермэ ехьэжьаэр щыIэщ, шыхэр щагъэхъуу, я цIэхэр дуней псом къыщащIэу. Абыхэм яIыгъкIым къэбэрдеишыр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, статус иIэкым. Пэжщ, мыбдежым Тэрч щыналъэми нэгъуэщI щыпIэхэми яIэщ шы заводхэр, адыгэш ягъэхъуу, ауэ дунейм къыщащыхуа шым и цIэмэ и щхьэмэ иIэжу хамэ къэрал утыкухэм итмэ, нэхъ тэрэщ.

- ГурыIуэгъуэщ, Мухьэдин. Сыт щыгъуи тхылъ, кино щIэщыгъуэхэмкIэ, адыгэхэм ехьэлIа Iуэху дахэхэмкIэ дызыгъэгуфIэ уэ иджыпсту уэзлажьхэм, зиужь уитхэм дыщыбгъэгъуэзэну сыхуейт.

- Иджыпсту нэхъыщхьэу сызэлэжьыр уэсмэн, тырку дзэзешэу щыпIэ куэдым къыщацIыхуу щыта ди лъэпкъэгъу Дипщэу Этхемпэщэ теухуа фильмращ. Мыр тхылъу нэхъ пасэу стхащ, иджыпсту тыркубзэкIэ зэрадзэкI, сценарий ящIу кино трахыну. Тырку продюсер хуабжьу дихьхауэ къызэлъэIуащ сериалу трихыну хуейуэ.

- Ататюрк тырку революцэр дэзыщIа Этхем и гъащIэм мащIэу сыщыгъуаззэщ. Уи тхыльыр зытебухуам и дуней тетыкIэмрэ и зэфIэкIымрэ убзыхуа хъун папщIэ узыхэплъа дэфтэрэхэм ярытыр сфIэгъэщIэгъэнщ.

- Этхем къабийуэ нэхъ къыпэщIэтар дззэешэ Исмэт-пэщэщ, ИнёнюкIэ зэджэу щытаращ. Аращ Ататюрк иужькIэ Тыркум и етIуанэ президент хъуар. Ар Этхем иужь къихьат итэкIуэдыну. Сыт щыхьэкIэ жыпIэмэ, Этхем и лIыгъэкIэ, хахуагъэкIэ цIэрыIуэ хъуат, цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуат, тырку-алыдж зауэм щхьэмыгъаззу хэтат, дзнэ сыт хуэдэ гугъуэхэ щыIэми зэфIэхьфырт. Инёню гузавэрт Этхем езым и пIэр иубыдынкIэ.

Бзаджэу къыщIэкIащ Инёню, ар Этхем пэщIэувварэ, къэралым зауэ къыщагъэхъуным тIэкIущ иIэжар. А къэрал зауэр къэхъеныу щытамэ, Тыркур зэкIуэдажат, империе лъэпIэзэкар зэрапхъуэну а лъэхъэнэм абы франджыхэри, итальянхэри, алыджхэри, инджылызхэри щызэрызехьэрти. КIэщIу жыпIэмэ, нобэ дэ тцIыху Тыркур щыIэжыныгъэкъым, а дззэешитIыр зэпэщIэувэу къэралым граждан зауэр къыщыхъеямэ.

Ар Этхем къыгурыIуэри, и дзэр зэбгриутIыпщыкIыжащ, нэгъуэщI щыпIэ Iэпхъуащ. Инёню ар зэрыIэпхъуар кьигъэсэбэпри, Этхемхайн фIищат, «епцIыжакIуэ» къиклыу. Иджы пэжыр псори къызыхэщ романщ стхар. НэгъуэщI тхыдэ дэфтэр куэдми ущрихьэлIэнущ абы.

- Тхыдэм къызэрыхэщыжыр я тегъэщIапIэу щытми-щымытми сщIэрхъыж, ауэ иджыпсту тыркухэм Этхем и цIэм пщIэ хуащIу, къалъытэу апхуэдэ си гуГъэщ.

- Шэч хэмыльу. Абы и щыхьэтщ Этхем и цIэм пагъэвауэ щыта «хайн» псальэр зэрыпахыжар. И лIыгъэри, и зэфIэкIри, къызыхэкIари къагъэлъагъэу щIадзащ, тырку продюсер цIэрыIуэхэми трахыну хуейщ абы теуха фильм. Сэри ар си гуапэ хъури, схуэгъэщIэхъуакъым.

- Дапщэщ а фильмым иужь фыщихьэнур?

- Си романыр куэд щIащ къызэрыдзкIри, кино трахыну щагугъэм, сценарий згъэхьэзэрращ. АрщхьэкIэ тыркухэр иджыпсту сериалхэм хуабжьу дехьэх. Сериалу трахыныр нэхъ къащтащи, абы хуэфэщэну сценарийр зэрахъуэкIыж.

- Фильмым зэрихьэну цIэр нэгъуэщI хъунщ, уэ сыт тхылъым фIэпщащ?

- «Шууейт лъатэхэр».

- Шууейхэр лъатэу щыжыпIэм щхьэусыгъуэ иIэ хъунщ...

- Ар сэ кьэзгупсысакъым - арат Этхем-пэщэ и дзэм зэреджэр. Абыхэм апхуэдизкIэ псынщIэу здэщыIэ щIыпIэхэр яхъуэжьырти, бийм къахуэгъуэтыртэкъым, кьыщеуэнкIэ хъуну лъэныкъуэр яхуэзгъэзэахуэртэкъым. Биидзэ куэд гугъу ириГъэхьапт абы, Этхем и шуудзэр щIылъэм тету зекIуэу арами, зэфIэкIкIи акъыпкIи бийр лъэщIыхьэртэкъыми, лъатэу ягъэIуат. Инджылызхэращ ар фIэзышащ, пэжым ухуейми.

- Иужьрейуэ уи Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэми утезгъэпсэлъыхьынут. Мухьэмэд къыхуэпхьа тхылъыщIэ зыбжанэ ильщ ди пащхьэм.

- Иужьрей ильэсиплIым стха тхылъхэращ ар. Зыр сулътIан Абдул-Хьамид ЕтIуанэм и гъащIэм теухуащ. СулътIан Абдул-Хьамид и анэр адыгэт, и щхьэгъусэри ди лъэпкъэгъут, ГуащIэмащIэт зэреджэр. Ар пащтыхьыпхъут, Франджым университет къыщиухуаз апхуэдэт. Губзыгъэт хуабжьу, езы Абдул-Хьамид дэIэпыкъут, лъагъуныгъэшхуи я зохуаку дэлът. Тырку тхыдэм апхуэдэу къыхэщыркъым Абдул-Хьэмид и щхьэгъусэр губзыгъэу зэрыщытар, зэрыадыгэр.

Абдул-Хьамид адыгэр фIыуэ ильаГъурт. Езыр адыгэ анэ къилъхуат, езыгъэджари зыгъэсаги арат. И хъумакIуэхэри, къыдэлажьэхэм я нэхъыбэри адыгэт, ахэрат и дзыхь нэхъ зригъэзыр. ГъэщIагъуэн куэд итщ мыбы, мыри тыркубзэкIэ зэрадзэкI.

Адрей тхылъхэр адыгэм ехьакъым. Тыркум нэхъ ехьэлIауэ романитI сиIэщ. Абы къищынэмыщIауэ, цыджанхэм я теуухуауэ роман стхащ - Урысейм щыпсэу цыджанхэмрэ испан щыджанхэмрэ я зэпыщIэныгъэр, я щэнхабзэр зэрызэщхьыр щыпсэу.

- Тхылъ псокIэ, псальэм папщIэ, цыджанхэм уатетхыхьын хуей щIэхъуар сыт? Апхуэдэ упщIэ згъэув щхьэкIэ, сыт щыгъуи сфIэгъэщIэгъэнщ ахэр дуней псом текъухьами, я бзэмрэ я хабзэмрэ кIэрыпмыхуIауэ зэрызэрахьэжыр, я дуней тетыкIэр... СытхакIуэу щытамэ, роман ятеэухуэнт сэри.

- Франджым ильэс къэс зэ щоклуэкI цыджан фестиваль. Абы къокIуалIэ а лъэпкъыр щыпсэу дэнэ къэрали я лIыкIуэхэр, Урысейм щыщхэри макIуэ абы. Сэ зэгурэым сагъэкIуат а фестивальм, фильм тесхыну. АрщхьэкIэ, техникэ и лъэныкъуэкIэ зыгъэрэхэр зэхуэмыхъуу, ныкъуэтехыу дыкъагъэзыIуат щытащ. Абыхэм я зэхьыхэр сигу кьинэжауэ куэд щIауэ си гупращэт, кинор теха щымыхъуакIэ, зы тхылъ стхыну. Мис апхуэдизу си щхьэм кьихьа Iэхъущ ар.

- Иджыпсту сытым уелэжьрэ?

- Шэрджес мамлюк Бейбарс и гъащIэр сфIэгъэщIэгъэну тхьапэ соткъ, илъэситIым щIигъуауэ солэжь абы, куэд къэнэжакъым. Бейбарс иджыри къыздэсым тыркуу ятх, хьэрпэ къэралхэми апхуэдэущ къыззэрыщащIэр. Израилым щыщ профессор гуэрым ар адыгэу итхауэ сыкьеджат. Ильэс зытIущ и пэ а профессорыр Лондон къэкIауэ сыГущIащ. Абы къызжиIат, Бейбарс къэпцIыкун папщIэ мыпхуэдэ тхыпхытIым еджэ, жери. А тхылъитI къудейращ щыIэр Бейбарс и зэманым псэуахэм я Iэдакъэ къыщIэкIауэ. Зыр абы и секретару щытаращ, абы хьэрпыбзэкIэ дахэу итхыжащ Бейбарс и хъыбарыр, етIуанэр а лъэхъэнэм псэуа тхыдэджщ зи лэжьыгъэр, ар томитI мэхъу. Секретарым и Iэдакъэщ щыIэр къызэрагъэхьэну, - жиIащ щыгъэжьын хуейуэ къыгурыIуэващ. Дэ абы ипкъ иту Бахъсэн щыналъэм мы Iэхъум теухуа клуб къыщыздгъэпэщащ, икIи япэ районым зэпеуэхэр щедгъэкIуэкIыну щыпIэр къыхэтхащ. Си гуапэщ псоми ди зэхуэдэ Iуэхум зиужьэщIэну, зэпеуэм хэтхэм ехьулIэныгъэ зыIэрагъэхьэну, - жиIащ щыгъэжьр къыщызэIуахым Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн.

Псори зэхэту шы 80-м нэблагъэ щыгъажэм хэтащ. Метр 1200-рэ гъэзэгуанэм къыщыздэжа, илъэситI зи ныбжьхэм ятекIащ Тау Алий и «Николь» шыр. Ирыкъ Славик и «Арес»-р етIуанэщ, ПщыкI Азэмэт и «Ветер»-м ещанэ увыпIэр лъысащ.

Метр 1800-рэ гъэзэгуанэм я зэфIэкI щагъэпэсащ ильэсищ зи ныбжь адыгэшхэм. Псоми къатежащ Науржан Хьэсэнбий и «Кацог» шыр, етIуанэ увыпIэр Тендзыз Амир и «Цунами», ещанэр Къумалэ Хьэсэн и «Черкес» шыжьэшхэм яубыдащ.

Науржан Хьэсэнбий лъысащ район Iэтащхьэм и саугъэтымрэ адыгэш лъэпкъыр къызэрагъэщIэрэщIэжьым и саулыкъуклэ щыпIэ администрацэм игъуэра кубокымрэ.

Метр 2000 гъэзэгуанэм къыщыздэжащ илъэсищ зи ныбжь, нэхъыжь щыхэр. Зыри лъэщIыхьажьым ПщыкI Азэмэт и «Доспех» шым. ЕтIуанэу къэкIуащ Шыгъуэз Iэубэчыр и «Порш»-р, Чигиров Алим и «Альтазар»-р ещанэщ.

ЕллIанэ къызздэжгъуэм ильэситI зи ныбжь шыхэм кьапэщылъ метр 1200-рэ гъэзэгуанэр зэрыпсынщIэу къижащ Токъмакъ Тимур и «Инга» шым. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зэдгъэуэшащ Туласов Руслан и «Эверест», Мэзахьэ Iэдам и «Аргентина» шыхэм.

Метр 1800-рэ гъэзэгуанэм къыщыздэжа, илъэсищ зи ныбжь шыхэм Атэлыкъ Къантемыр и «Корсар», Мыд Iэниуар и «Рассвет» шыхэр зэрытемыгъакIуэу тIуми япэ увыпIэр къахьащ. Абыхэм якIэлъысащ Сэбанщы Мухьэмэд и «Флиппер» шыр.

Илъэсищ, нэхъыжь шыхэр къыщыздэжащ метр 2000 гъэзэгуанэм. Ар псом япэу къызэринэкIри, бжьыпэр илъэдащ Тхьэгъэпсэу Олег и «Лаванда» шым, Абазэ Мурат и «Браслет»-м - етIуанэ, Тугасов Руслан и «Катя» шым ещанэ увыпIэхэр къахьащ.

Сыжажэ Хьэсэн шыгъажэм щытекIуахэм яритащ щIыхь тхылъхэмрэ ахьшэ саугъэтхэмрэ.

Къыхэдгъэщыщащ, шыгъажэм и саугъэт фондыр сом мини 140-рэ хъурт.

Шыгъажэм ептыну къызэхуэсахэм папщIэ концерт къызэрагъэпэщат. «Кавказ» цIыхубэ уэрэджьыкIэгу гупыр, КъБР-м щыIэ зиIэ и артист Хьэхъупащ Амырхан, нэгъуэщIхэри хэту.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн район администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● Хъыбар гуапэ

Иджыри зы шыгъэжапIэ

Бахъсэн районым щыIэ Куба къуажэм къыщызэIуахащ щыналъэ ипподромыщIэ. Махуэку махуэм абы щекIуэкIащ щыпIэ администрацэм и саугъэтым щыщIэбэна япэ шыгъажэ.

НэХъапэм мы щыпIэм щымыIа спорт зэпеуэ дахэхэм етIуанэу къызэрэсат хэгъэрейхэри республикэм и адрей щыналъэхэмрэ къалэхэмрэ къикIа IэщIэхэри.

Зэхьэзэхуэхэр къызэрызэIуахым теуха гуфIэгъуэм хэтащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Биттиев Хьэким, Шэджэм район судым и тхьэмадэ Тхьэзэпэ Алеша, Бахъсэн районым щыIэ федеральнэ щыналъэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр.

- КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий мы гъэм и накъыгъэм дызэхуишэри шы гъэхъуным ди республикэм зыщегъэужьын хуейуэ къыгурыIуэващ. Дэ абы ипкъ иту Бахъсэн щыналъэм мы Iэхъум теухуа клуб къыщыздгъэпэщащ, икIи япэ район зэпеуэхэр щедгъэкIуэкIыну щыпIэр къыхэтхащ. Си гуапэщ псоми ди зэхуэдэ Iуэхум зиужьэщIэну, зэпеуэм хэтхэм ехьулIэныгъэ зыIэрагъэхьэну, - жиIащ щыгъажэр къыщызэIуахым Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн.

Псори зэхэту шы 80-м нэблагъэ щыгъажэм хэтащ. Метр 1200-рэ гъэзэгуанэм къыщыздэжа, илъэситI зи ныбжьхэм ятекIащ Тау Алий и «Николь» шыр. Ирыкъ Славик и «Арес»-р етIуанэщ, ПщыкI Азэмэт и «Ветер»-м ещанэ увыпIэр лъысащ.

Метр 1800-рэ гъэзэгуанэм я зэфIэкI щагъэпэсащ ильэсищ зи ныбжь адыгэшхэм. Псоми къатежащ Науржан Хьэсэнбий и «Кацог» шыр, етIуанэ увыпIэр Тендзыз Амир и «Цунами», ещанэр Къумалэ Хьэсэн и «Черкес» шыжьэшхэм яубыдащ.

Науржан Хьэсэнбий лъысащ район Iэтащхьэм и саугъэтымрэ адыгэш лъэпкъыр къызэрагъэщIэрэщIэжьым и саулыкъуклэ щыпIэ администрацэм игъуэра кубокымрэ.

Метр 2000 гъэзэгуанэм къыщыздэжащ илъэсищ зи ныбжь, нэхъыжь щыхэр. Зыри лъэщIыхьажьым ПщыкI Азэмэт и «Доспех» шым. ЕтIуанэу къэкIуащ Шыгъуэз Iэубэчыр и «Порш»-р, Чигиров Алим и «Альтазар»-р ещанэщ.

ЕллIанэ къызздэжгъуэм ильэситI зи ныбжь шыхэм кьапэщылъ метр 1200-рэ гъэзэгуанэр зэдгъэуэшащ Туласов Руслан и «Эверест», Мэзахьэ Iэдам и «Аргентина» шыхэм.

Метр 1800-рэ гъэзэгуанэм къыщыздэжа, илъэсищ зи ныбжь шыхэм Атэлыкъ Къантемыр и «Корсар», Мыд Iэниуар и «Рассвет» шыхэр зэрытемыгъакIуэу тIуми япэ увыпIэр къахьащ. Абыхэм якIэлъысащ Сэбанщы Мухьэмэд и «Флиппер» шыр.

Илъэсищ, нэхъыжь щыхэр къыщыздэжащ метр 2000 гъэзэгуанэм. Ар псом япэу къызэринэкIри, бжьыпэр илъэдащ Тхьэгъэпсэу Олег и «Лаванда» шым, Абазэ Мурат и «Браслет»-м - етIуанэ, Тугасов Руслан и «Катя» шым ещанэ увыпIэхэр къахьащ.

Сыжажэ Хьэсэн шыгъажэм щытекIуахэм яритащ щIыхь тхылъхэмрэ ахьшэ саугъэтхэмрэ.

Къыхэдгъэщыщащ, шыгъажэм и саугъэт фондыр сом мини 140-рэ хъурт.

Шыгъажэм ептыну къызэхуэсахэм папщIэ концерт къызэрагъэпэщат. «Кавказ» цIыхубэ уэрэджьыкIэгу гупыр, КъБР-м щыIэ зиIэ и артист Хьэхъупащ Амырхан, нэгъуэщIхэри хэту.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн район администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.







Зи Iэужьхэр дахэ КIэбышэ Мухьэмэд

«Зыгуэрым сэбэп сыхуэхъуфмэ, сэ езыр а Iуэхум нэхъ сыщогуфыкI», - жиIэрт абы. ЦIыхуухум хэлъын хуей нэмысыр, хабзэр, щыпкъагъэр игъэхьэкъыу псэущ. ЖыпIэнурамэ, адыгэлI нэст.

АпхуэдэТ зи гугъу тщIы, илъэс 77-м иту дунейм ехыжа, Лашынкъей къуажэм щыщ КIэбышэ Мухьэмэд Хьисэ и къуэр.

Курыт школ нэужьым Мухьэмэд Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьэри, Iэщ Iагъэхэм я нэхъыфI дыдэу, мамыр псэуКIэм телажьэу къальытэжэм ящыщ зым хуеджат - промышленнэ, уней ухуэныгъэм и инженерым и дипломыр иIэу къиухат ар. Мастеру лэжьэн щIидзэри, прорабуи, управленэм и унафэщIуи лэжьащ. А зэманым къриубыдэу Мухьэмэд и нэIэм щIэту республикэм щащIащ ухуэныгъищэкIэ - я теплъэкIи екIуэрэ я фIагъкIи ядэбгъуэн щымыIэу. ЗэфIаГъэлажьэшхэм папщIэ ар зи унафэщI управленэр республикэм и мызакъуэу, къэралми щынэхъыфIкIэм хабжэу къекIуэкIащ, мызэмытIэу къызыгъэфэщащ СССР-м и «Госстрой»-м и дипломхэр.

Нобэ республикэм и къалэхэр, ящыщ зыгъэбжьыфIэ ухуэныгъэ кудым и гъащIэ хилъхьащ Мухьэмэд. Къапщтэмэ, абыхэм ящыщщ Нарткъалэ, Май къалэхэм я сату центрхэр, Тэрч дзт щIакхъуэ заводыр, «Лашынэ» ресторанр, Гъаввэ хъумапIэ, псэупIэ унэ кущ. ЖыпIэнурамэ, республикэм щыналъэ кудэ щыбгъэутынукъым абы и лъэ зытемыува, и нэIэм щIэту уухуэныгъэхэр щримыгъакIуэкIа.

«ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр, Правительствэм и Благодарностьр - «Илъэс кудэкIэ хьэлэту зэрылэжьам папщIэ» дамыгъэр - кудэ мэхъу абы и лэжьыгъэфIыр къызэралъытам щыхьэт техъуэ тхылъхэр.

КIэбышэ Мухьэмэд фIыкIэ яГу кьинэжащ кудым - и къуажэгъуэхэми, и Iыхьлыхэми, IуэхукIэкIэ абы зыкуэзыгъэза дэтхэнэми. Къыпэхъуи щиухуам лъэпкъым и мызакъуэу, жылэ псом я гуапэ хуэгат ар. ЩIыгуфIыкIырт чэнджэщагъуи дэIэпыкъуэгъуи къахуэхъу щIалэр зэрахэтIысхьэжам.

Мухьэмэд псапащIэт хужьпIэныр машIэщ. ЛъэIуикIэ абы зыхуэзыгъэзауэ игъащIэхъуа гъэтыгъуейщ. Къащалъхуа къуажэм дащыхьа мэжджытми КIэбышэм и гъащIэхуэ хэлъщ.

ПщIэрэ щыхьрэ къыхуащIу цIыхуэхэм яхэтащ ар. И Iулыджьыр зыIэтхэм ящыщт ар хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ унагъэ дахэм я нэхъыжьыфIу зэрыщытри. Адэ гуапэу, адэшхуэ гумащIэу ягу кьинащ ар и щIэблэм.

КIэбышэхэ я лъэпкъми, и ныбжьэгъухэми, къуажэдэхэми гущIыхьэ хуащ а цIыху зэпIэзэрытыр, хьэлэлыр дуней зэрехьжар. И Iуэхущ Iафэ дахэхэр фэеплъу дунейм кьытринащ Мухьэмэди, и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI.

КIэбышэ Мухьэмэд и ныбжьэгъуэхэр.

● Фэеплъ

IэщIагъэхэм хурагъаджэ

Урысейм тезыхрэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъым и Iуэхущ Iапи Iэу КъБР-м щыIэм и еджапIэ №214-м нэгъабэрэ мы гъэм и мазихымрэ Iэщ Iагъэ щызэрагъэгъуэтащ тутнакъ 642-м.

ЕГЪЭДЖАПIЭР хуитщ Iэщ Iагъэ 22-м щыхурагъаджэну, ахэр мы зэманым нэхъ щIэупщIэ зиIэхэращ. Тезыырыр зыпшынынымкIэ зрагъэгъуэтыфынущ дакIуэ, пщафIэ, электросварщик, электромонтёр, каменщик, штукатур, пхъащIэ Iэщ Iагъэхэр, нэгъуэщIхэри.

- ГъащIэм къызэригъэлъагъуэщи, тутнакъыщым исахэр жылагъуэм хэзэгъэжьынымкIэ Iэщ Iагъэр щIэгъэкъуэныщхъуэщ, уеблэмэ абы елъытащ адэкIэ я гъащIэр зыхуэдэнур, - жеIэ еджапIэм и унафэщI Хъуэст Леонид.

ЗЭБАР Мадинэ.

● Ди хьэщIэщым

Адыгэшым деж щыщIэдзауэ Бейбарс деж щыщIэкIыжу

Къандур Мухьэдин.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

стУ тыркубзэкIэ зэрадзэкI, сценарий ящIу кино трахыну. Тырку продюсер хуабжьу дихьхауэ къызэлъэIуащ сериалу трихыну хуейуэ.

- Ататюрк тырку революцэр дэзыщIа Этхем и гъащIэм мащIэу сыщыгъуаззэщ. Уи тхыльыр зытебухуам и дуней тетыкIэмрэ и зэфIэкIымрэ убзыхуа хъун папщIэ узыхэплъа дэфтэрэхэм ярытыр сфIэгъэщIэгъэнщ.

- Этхем кьабийуэ нэхъ къыпэщIэтар дззэешэ Исмэт-пэщэщ, ИнёнюкIэ зэджэу щытаращ. Аращ Ататюрк иужькIэ Тыркум и етIуанэ президент хъуар. Ар Этхем иужь къихьат итэкIуэдыну. Сыт щыхьэкIэ жыпIэмэ, Этхем и лIыгъэкIэ, хахуагъэкIэ цIэрыIуэ хъуат, цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуат, тырку-алыдж зауэм щхьэмыгъаззу хэтат, дзнэ сыт хуэдэ гугъуэхэ щыIэми зэфIэхьфырт. Инёню гузавэрт Этхем езым и пIэр иубыдынкIэ.

Бзаджэу къыщIэкIащ Инёню, ар Этхем пэщIэувварэ, къэралым зауэ къыщагъэхъуным тIэкIущ иIэжар. А къэрал зауэр къэхъеныу щытамэ, Тыркур зэкIуэдажат, империе лъэпIэзэкар зэрапхъуэну а лъэхъэнэм абы франджыхэри, итальянхэри, алыджхэри, инджылызхэри щызэрызехьэрти. КIэщIу жыпIэмэ, нобэ дэ тцIыху Тыркур щыIэжыныгъэкъым, а дззэешитIыр зэпэщIэувэу къэралым граждан зауэр къыщыхъеямэ.

Ар Этхем къыгурыIуэри, и дзэр зэбгриутIыпщыкIыжащ, нэгъуэщI щыпIэ Iэпхъуащ. Инёню ар зэрыIэпхъуар кьигъэсэбэпри, Этхемхайн фIищат, «епцIыжакIуэ» къиклыу. Иджы пэжыр псори кьызыхэщ романщ стхар. НэгъуэщI тхыдэ дэфтэр куэдми ущрихьэлIэнущ абы.

- Тхыдэм къызэрыхэщыжыр я тегъэщIапIэу щытми-щымытми сщIэрхъыж, ауэ иджыпсту тыркухэм Этхем и цIэм пщIэ хуащIу, къалъытэу апхуэдэ си гуГъэщ.

- Шэч хэмыльу. Абы и щыхьэтщ Этхем и цIэм пагъэвауэ щыта «хайн» псальэр зэрыпахыжар. И лIыгъэри, и зэфIэкIри, къызыхэкIари къагъэлъагъэу щIадзащ, тырку продюсер цIэрыIуэхэми трахыну хуейщ абы теуха фильм. Сэри ар си гуапэ хъури, схуэгъэщIэхъуакъым.

- Дапщэщ а фильмым иужь фыщихьэнур?

- Си романыр куэд щIащ къызэрыдзкIри, кино трахыну щагугъэм, сценарий згъэхьэзэрращ. АрщхьэкIэ тыркухэр иджыпсту сериалхэм хуабжьу дехьэх. Сериалу трахыныр нэхъ къащтащи, абы хуэфэщэну сценарийр зэрахъуэкIыж.

- Фильмым зэрихьэну цIэр нэгъуэщI хъунщ, уэ сыт тхылъым фIэпщащ?

- «Шууейт лъатэхэр».

- Шууейхэр лъатэу щыжыпIэм щхьэусыгъуэ иIэ хъунщ...

- Ар сэ кьэзгупсысакъым - арат Этхем-пэщэ и дзэм зэреджэр. Абыхэм апхуэдизкIэ псынщIэу здэщыIэ щIыпIэхэр яхъуэжьырти, бийм кьахуэгъуэтыртэкъым, кьыщеуэнкIэ хъуну лъэныкъуэр яхуэзгъэзэахуэртэкъым. Биидзэ куэд гугъу ириГъэхьапт абы, Этхем и шуудзэр щIылъэм тету зекIуэу арами, зэфIэкIкIи акъыпкIи бийр лъэщIыхьэртэкъыми, лъатэу ягъэIуат. Инджылызхэращ ар фIэзышащ, пэжым ухуейми.

- Иужьрейуэ уи Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэми утезгъэпсэлъыхьынут. Мухьэмэд къыхэпхьа тхылъыщIэ зыбжанэ ильщ ди пащхьэм.

- Иужьрей ильэсиплIым стха тхылъхэращ ар. Зыр сулътIан Абдул-Хьамид ЕтIуанэм и гъащIэм теухуащ. СулътIан Абдул-Хьамид и анэр адыгэт, и щхьэгъусэри ди лъэпкъэгъут, ГуащIэмащIэт зэреджэр. Ар пащтыхьыпхъут, Франджым университет къыщиухуаз апхуэдэт. Губзыгъэт хуабжьу, езы Абдул-Хьамид дэIэпыкъут, лъагъуныгъэшхуи я зохуаку дэлът. Тырку тхыдэм апхуэдэу къыхэщыркъым Абдул-Хьэмид и щхьэгъусэр губзыгъэу зэрыщытар, зэрыадыгэр.

Абдул-Хьамид адыгэр фIыуэ ильаГъурт. Езыр адыгэ анэ къилъхуат, езыгъэджари зыгъэсаги арат. И хъумакIуэхэри, къыдэлажьэхэм я нэхъыбэри адыгэт, ахэрат и дзыхь нэхъ зригъэзыр. ГъэщIагъуэн куэд итщ мыбы, мыри тыркубзэкIэ зэрадзэкI.

Адрей тхылъхэр адыгэм ехьакъым. Тыркум нэхъ ехьэлIауэ романитI сиIэщ. Абы къищынэмыщIауэ, цыджанхэм я теуухуауэ роман стхащ - Урысейм щыпсэу цыджанхэмрэ испан щыджанхэмрэ я зэпыщIэныгъэр, я щэнхабзэр зэрызэщхьыр щыпсэу.

- Тхылъ псокIэ, псальэм папщIэ, цыджанхэм уатетхыхьын хуей щIэхъуар сыт? Апхуэдэ упщIэ згъэув щхьэкIэ, сыт щыгъуи сфIэгъэщIэгъэнщ ахэр дуней псом текъухьами, я бзэмрэ я хабзэмрэ кIэрыпмыхуIауэ зэрызэрахьэжыр, я дуней тетыкIэр... СытхакIуэу щытамэ, роман ятеэухуэнт сэри.

- Франджым ильэс къэс зэ щоклуэкI цыджан фестиваль. Абы къокIуалIэ а лъэпкъыр щыпсэу дэнэ къэрали я лIыкIуэхэр, Урысейм щыщхэри макIуэ абы. Сэ зэгурэым сагъэкIуат а фестивальм, фильм тесхыну. АрщхьэкIэ, техникэ и лъэныкъуэкIэ зыгъэрэхэр зэхуэмыхъуу, ныкъуэтехыу дыкъагъэзыIуат щытащ. Абыхэм я зэхьыхэр сигу кьинэжауэ куэд щIауэ си гупращэт, кинор теха щымыхъуакIэ, зы тхылъ стхыну. Мис апхуэдизу си щхьэм кьихьа Iэхъущ ар.

- Иджыпсту сытым уелэжьрэ?

- Шэрджес мамлюк Бейбарс и гъащIэр сфIэгъэщIэгъэну тхьапэ соткъ, илъэситIым щIигъуауэ солэжь абы, куэд къэнэжакъым. Бейбарс иджыри къыздэсым тыркуу ятх, хьэрпэ къэралхэми апхуэдэущ къызэрыщащIэр. Израилым щыщ профессор гуэрым ар адыгэу итхауэ сыкьеджат. Ильэс зытIущ и пэ а профессорыр Лондон къэкIауэ сыГущIащ. Абы къызжиIат, Бейбарс къэпцIыкун папщIэ мыпхуэдэ тхыпхытIым еджэ, жери. А тхылъитI къудейращ щыIэр Бейбарс и зэманым псэуахэм я Iэдакъэ къыщIэкIауэ. Зыр абы и секретару щытаращ, абы хьэрпыбзэкIэ дахэу итхыжащ Бейбарс и хъыбарыр, етIуанэр а лъэхъэнэм псэуа тхыдэджщ зи лэжьыгъэр, ар томитI мэхъу. Секретарым и Iэдакъэщ щыIэр къызэрагъэхьэну, - жиIащ щыгъэжьын хуейуэ къыгурыIуэващ. Дэ абы ипкъ иту Бахъсэн щыналъэм мы Iэхъум теухуа клуб къыщыздгъэпэщащ, икIи япэ районым зэпеуэхэр щедгъэкIуэкIыну щыпIэр къыхэтхащ. Си гуапэщ псоми ди зэхуэдэ Iуэхум зиужьэщIэну, зэпеуэм хэтхэм ехьулIэныгъэ зыIэрагъэхьэну, - жиIащ щыгъэжьр къыщызэIуахым Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн.

Псори зэхэту шы 80-м нэблагъэ щыгъажэм хэтащ. Метр 1200-рэ гъэзэгуанэм къыщыздэжа, илъэситI зи ныбжьхэм ятекIащ Тау Алий и «Николь» шыр. Ирыкъ Славик и «Арес»-р етIуанэщ, ПщыкI Азэмэт и «Вет